O`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI XALIQ TA`LIM WA`ZIRLIGI

A`JINIYAZ ATINDAG`I NO`KIS MA`MLEKETLIK

PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI

PEDAGOGIKA FAKULTETI

PEDAGOGIKA HA'M PSIXOLOGIYA KAFEDRASI

# QA'NIGELIK PITKERIW JUMISI

Tema: "Ziyrek balalardi tan'lawdin' psixologiyaliq tiykarlari"

Orınlawshı: "Pedagogika ha`m psixologiya"

ta'lim bag'darının' 4-$^{e}$ qq kurs talabası:

**Jusipova Manzura**

| | |
|---|---|
| **Qorg`awg`a ruhsat**<br>**Pedagogika fakulteti dekanı**<br>**______________________Z.Klıcheva**<br>**2015jıl «______» iyun** | **«Pedagogika ha`m psixologiya»**<br>**kafedrası baslıg`ı, dots**<br>**__________________Sh.Saparov**<br>**İlimiy rahbar, ps.i.k. dots**<br>**__________________Z.Klıcheva** |

No'kis – 2015 jil

## JOBA:

**KIRISIW**…………………………………………………………………..3

a) Temanin` aktuallig`i, ahmiyeti.

b) Jumistin` maqseti, waziypalari, izertlew obiekti ha`m predmeti.

**I BAP. Ziyrek balalardin' pedagogika ha'm psixologiyada u'yreniliwi**……………………………………………………………8

1.1. Ziyreklik mashqalasinin' psixologiyada u`yreniliwi………………8

1.2. Ziyrek balalardin' psixologiyasi haqqinda tu`sinik…….. ……….14

1.3. Ziyrek balalardi tan`law texnologiyasi……………………………25

1.4. Ziyrek balalardi tan`lawdin diagnostikaliq tiykarlari......................................................................................27

**II BAP. Ziyrek balalardi psixologiyaliq jaqtan tan'lawdi eksperimental u`yreniw**………………………………………………29

2.1.Ziyrek balalardi aniqlaw ha`m olar menen islesiwdin' diagnostikaliq metodikalari…………………………………………………………29

2.2. Aqildi o`lshewdin` «Veksler shkalasi»……………………………47

2.3. Ziyrek balalardi tan`lawda qollanilatug`in shinig`iwlar kompleksi…………………………………………………….......52

**JUWMAQLAW**……………………………………………………57

**PAYDALANILG'AN A'DEBIYATLAR**…………………………...60

# K I R I S I W

Mamleketimizde kadrlar tayarlawdin' aktual ha`m u`lken jetilisken qa`nigeliklerinin' biri – o`sip kiyatirg`an jas a'wlad arasinan ziyrek balalardi tan`law, olardi zamanogo'y ta`lim mekemlerinde bayitilg'an, mazmunli da'stu'rler tiykarinda oqitiw, olarg'a ken' imka'niyatlar jaratip beriw ha`m tez waqittin' ishinde xaliq-xojalag'inin' tu'rli tarawlari ushin ta'jiriybeli qa'niygelerdi jetistirip beriwden ibarat.

Insan o`zinin' sotsial rawajlaniw protsessi dawaminda intellekt yamasa do'retiwshilik o'nimi bolg'an pikir ha`m mu'lk ekenligi aniq tu'sinip jetti. Intellektual mu'lk dep – bul bayliq, ha`r qanday tu'rli tarawlarinin', tu'rli ko'rinislerindegi o`z – ma'nisin tappastan, bul ja'miyet rawajlaniwinin' tiykarg'i faktori, ruwxiy ha`m materialliq bayliq esaplanadi.

Adamzat ha`m ja'miyet rawajlaniwinda o`z u`lesin qosiwg'a iye tiykarg'i bayliq iyesi, intellekt mu'lk iyesi, aql-ziyrekliligi sheksiz rawajlaniw imka'niyatina iye bolg'an ha'r ta'repleme rawajlang'an shaxs o`zinin' oylawi menen do'retiwshilik etedi, tu'rli jan'liqlardi jaratadi.

Usi orinda Prezident I.A.Karimovtin' bul haqqindag'i pikirlerin keltirip o'tiwdi orinli dep oylaymiz, «Ha`r qaysi insanda belgili bir da'rejede intellektual jetiskenlik bar, eger usi ishki ku'shtin' toliq ju'zege shig'iwi ushin za'ru'r bolg'an sha'rt-sha'ra'yatlar jaratilsa, ha'r qaysi insan Alla-taala bergen ku'shli qa'bilet, talantin da'slep o'zi ushin, shan'arag'inin', milleti ha`m xalqinin', ma'mleketinin' rawajlaniwina, keleshegine, ma'pi ushin toliq o'zin bag'ishlasa, bunday ja'miyet sonday da'rejede ku'shli rawajlaniwina erisedi, ha`m na'tiyjesin ha`tte ko`z aldina keltiriwide an'sat emes,-dep aytip o'tken edi».

Sol sebepli bu'gingi ku'nde alladan aqlli, logikaliq oylawi ku'shli, aqliy ma'deniyati joqari bolg'an oqiwshilarg'a itibarda ku'sheyttiriw, olardi arnawli oqitiw ha`m ha'r ta'repleme qollap-quwatlaw maqsetke muwapiq boladi. Keleshek a'wlad, ja'miyet ta'g'dirin usinday ziyrek balalar belgileydi. Solay eken, ta`lim mekemeleri oqiwshilari arasinan tiykarg'i bag'darda ziyreklikti tan'lap, olardin'

sheberligi, uqiplilig'i ha`m qizig'iw bag'darina qarap, olarg'a ta`lim mekemelerinde kerekli sha'rt-sha'ra'yatlar jaratiw qa`nigeliklerinin' aldinda turg`an waziypalardin'` biri.

Ta`lim sistemasinda ziyrek balalardi tan`law ha`m olardin' bilim aliwina tu'rli sho'lkemlestiriwde sheshimin tabiw kerek bolg'an mashqalalar ele ko'plep ushirasadi. Bul mashqalalardi joq etiw ushin en' da'slep ha'r bir pedagog, ata-ana ha`m ta'rbiyashi, sonday-aq tu'rli ma'mleketlik emes sho'lkemler baladag'i ziyrekligin ko're biliwi, olardi qollap-quwatlawi ha`m marapatlap bariw maqsetke muwapiq. Bul protsessti duris a'melge asiriwin ta'miyinlewshi belsendiler ziyrek balanin' individual, psixologiyaliq ha`m fiziologiyaliq o'zgeshelikleri haqqinda uliwma mag'liwmatqa ha`m ko'z-qarasqa iye bolip, ziyrek balalardi tan`law, olar menen islesiw, qizig'iwshiliqlarin, uqipliliqlarin u`yreniw menen birgelikte olardin' ziyrekliligin rawajlandiriwg'a qaratilg'an islerdi a'melge asiriwlari kerek.

Son'g'i jillarda o'tkerilip atirg`an reformalar barisinda Qaraqalpaqstan Respublikasinda «Ta'lim haqqinda nizam», «Kadrlar tayarlaw milliy da'stu'ri» basqishpa – basqish turmisqa engizilmekte ha`m ta`lim sistemasin qayta quriwda bir qatar jaqsi o'nimli isler a'melge asirilmaqta. Aytiw kerek, Respublikada jan`a tu`rdegi oqiw orinlari – akademiyaliq litseylar, orta arnawli ka'sip o`ner kolledjler sani ko`beymekte ha`m olardin' is na`tiyjeleri jaqsilanbaqta. «Kadrlar tayarlaw milliy da'stu'ri» a'melge asiriwdin` ekinshi basqishinin` talaplarinan kelip shiqqan halda Respublikada ta`lim-ta'rbiya mazmuni, sapasin teren'lestiriwge u`lken a`hmiyet ko`rsetpekte. Bulardin' ha`mmesi o`z orninda ha'r ta'repleme rawajlang`an, ja'miyetlik ispilermenlikke, isshen'likke iye bolg'an pedagog–psixolog qa'niygeliklerdi tayarlaw juwapkershilikti elede asiradi.

Pedagog–psixologlardin' ja'miyettegi ro`li ha`m abiroyin ko`rsetiw, olardin' ka'sipke bag'darlang'an tayarligin tu`pten jaqsilaw, pedagogikaliq kolledjlerdi, arnawli oqiw orinlardi mekteplerdegi ta`lim beriw sipatin asiriw, arnawli pa'nler boyinsha teren''lestirilgen klasslarg'a itibar beriw, mektepke tayarlaw, ziyrek balalar menen o'z aldina islewge itibar beriw, reformalaw – bas bag'darlarinin' biri bolip esaplanadi.

Mektepke tayarlawda, ziyrekli yamasa artta qalg’an balalardi tan`lawdi qala berse kishi mektep jasi, o’spirimlik ka’sipke bag’darlawshi oqiw orinlari ha`m joqari oqiw orinlarindag’i isshi psixologtin’, uliwma alg’anda balanin’ tuwilg’aninan o’mirinin’ aqirina shekem bolg’an da’wirde bala o’zgesheliklerin u`yreniwdi, shaxstin’’ qa’liplesiwinde «Psixologiya» iliminin’ ro’li ku’shli.

Kadrlar tayarlaw milliy da’stu’rinde basqishpa – basqish o’tilwine bala joqari oqiw orinlarina mektepten, mektepke bolsa mektepke shekemgi mekemelerden basqishpa – basqish o’tip baradi.

Ta’rbiyashilardin’, pedagog–psixologlardin’, ata – analardin’ bunday islerde roli u`lken, sebebi ha’r bir pedagog, psixolog, ta’rbiyashi, ata-ana baladag’i ziyreklikti, uqipliqti kore aladi, balanin’ individual o’zgesheliklerin, tipologiyaliq o’zgesheliklerin ko’re aliw kerek, bir – birine pariqlay aliw, ziyrek balalardi tan`law biliw, olardin’ psixologiyaliq tiykarlarin diagnostika qiliw psixologiyada **aktual** ma’selelerdin’ biri bolip esaplanadi.

Solay eken, ziyrek balalardi tan`lawda onin’ xarakter belgileri, tipologiyaliq, psixologiyaliq o’zgesheliklerinin’ jana qirlarin aniqlap u`yreniliwi, turmisqa engiziliwi za’ru’r **a’hmiyetli** bolip tabiladi.

**Izertlew obiekti** – No’kis qalasindag’i XBBne qarasli №18 orta mektep oqiwshilari.

**Izertlew predmeti** – ziyrek balalardi tan`lawdin’ diagnostikaliq tiykarlarin u`yreniw.

**Jumistin’ maqseti** – ziyrek balalardi tan’lawdin’ psixologiyaliq tiykarlarin aniqlaw ha`m ziyrek balalardi tan`law boyinsha shinig`iwlar kompleksin islep shig’iw.

**Izertlew jumistin’ gipotezasi**:

1) Oqiwshinin’ sheberligi, uqiplilig’i ha`m qizig’iw bag’darina qarap, olarg’a ta`lim mekemelerinde kerekli sha’rt-sha’ra’yatlar jaratiw;

2) Ta’lim sistemasinda ziyrek balalardi tan`lawdi duris sho’lkemlestiriw sheshimin tabiw.

3) Ziyrek balanin’ individual, psixologiyaliq ha`m fiziologiyaliq o’zgeshelikleri haqqinda uliwma mag’liwmatqa ha`m ko’z-qarasqa iye boliw, ziyrek balalardi tan`law, olar menen islesiw, qizig’iwshiliqlarin, uqipliliqlarin u`yreniw menen birgelikte olardin’ ziyrekliligin rawajlandiriwg’a qaratilg’an islerdi a’melge asiriw. Egerde usi joqaridag’ilar a’melge asirilsa ziyrek balalardi tan`law boyinsha u`lken imka’niyatlarg’a ha`m psixologiyaliq tiykarlarg’a iye boliw mu’mkin.

**Izertlew jumistin’ waziypalari:**

1. Tema boyinsha psixologiyaliq ha`m pedagogikaliq a`debiyatlardi analiz qiliw.
2. Mektep oqiwshilari arasinan ziyrek balalardi tan`law.
3. Izertlew na`tiyjelerin mug`dar sipat jag`inan analiz qiliw.
4. Ziyrek balalardi tan`law boyinsha shinig`iwlar kompleksin islep shig’iw.
5. Psixologiyaliq-pedagogikaliq juwmaq islep shig`iw.

**Ilimiy izertlew metodlari:**

1. Baqlaw, eksperiment, anketa, test.
2. «Ziyrek balalardi tan`law metodikasi» (B.Kadirov)
3. «Geometriyaliq figuralar ja’rdeminde Adam su’wretin siziw» metodikasi.
4. Aqildi o`lshewdin` Veksler shkalasi.

***Izertlew jumisinin` metodologiyaliq tiykari:***

Psixologiyadag`i sana ha`m xizmet birligi printsipi, Insannin’’ imka’niyatlarin u`yreniwge Shig’is oyshillarinan (Farabiy, Beruniy, Abu Ali Ibn Sino) Rossiya psixologlari (B.M.Teplov, B.G.Anan`ev, N.V.Kuzmina, S.L.Rubinshteyn, A.G.Kovalev, V.N.Myasishev), Batis alimlari (A.Bine, T.Simon, F.Galton, V.Shtern, U.Ollport, K.Rodjers) siyaqlilar u`lken u`lesin qosqan. Usi mashqala u’stinde O’zbekistan psixologlari (E.Goziev, R.Gaynutdinov, M.G.Davletshin, B.R.Qodirov, V.A.Tokareva ha`m basqalar)lardin’ pikirleri, sonday-aq, “Ta`lim haqqinda”g`i Nizam ha`m “Kadrlar tayarlawdin` milliy da`stu`ri”, Prezidentimizdin` «Yuksak ma`naviyat – yengilmas kuch» shig`armalarindag`i tiykarg`i tu`sinikleri ha`m basqa ma`mleketlik hu`jjetleri tiykar etip aling`an.

***Izertlew jumisinin` teoriyaliq a`hmiyeti:***

U`yrenilgen a`debiyatlar ha`m o`tkerilgen izertlewler na`tiyjelerinen aling`an teoriyaliq mag`liwmatlar, psixologiya pa`ni tarawlarinan jas ha`m pedagogikaliq psixologiya, sotsial psixologiya, xulqi buzilg`an balalar psixologiyasi ha`m psixologiyaliq xizmet ha`m ziyrek balalar psixologiyasi pa`nlerin teoriyaliq materiallar menen bayitiwg`a xizmet qiladi.

***Izertlew jumisinin` ilimiy a`hmiyeti:***

Izertlew na`tiyjelerinen aling`an mag`liwmatlardi ta`lim mekemelerinde a`meliyatta qollaniw, ta`lim protsessinde oqiwshi bilimin, ziyrekligin tan'lap aliwg`a imka'niyat jaratiwdan ibarat.

***Izertlew jumisinin` ilimiy jan`alig`i:***

1. Ta`lim protsessinde a'melge asiriw mu'mkin bolg'an ziyrek balalardi tan`law boyinsha shinig`iwlar kompleksi islep shig'ildi;

2. Oqiwshinin' sheberligi, uqiplilig'i ha`m qizig'iw bag'darina qarap, olarg'a ta`lim mekemelerinde kerekli sha'rt-sha'ra'yatlar jaratiw.

**Jumis du'zilisi** 2 bo`lim quraydi: kirisiw, ilimiy teoriyaliq, a`meliy metodikaliq, juwmaqlaw. Jumistin` son`inda paydalang`an a`debiyatlar dizimi berilgen. Jumistin` uliwma ko`lemi 61 bet.

# I BAP. ZIYREK BALALARDIN' PEDAGOGIKA HA'M PSIXOLOGIYADA U'YRENILIWI

## 1.1. ZIYREKLIK MASHQALASININ' PSIXOLOGIYADA U`YRENILIWI

«Kadrlar tayarlawdin' Milliy da'stu'ri» (avgust 1997) ta`limnin' u'zliksiz modeline tiykar salinip, onin' tiykarg'i waziypasi ha'r ta'repleme jetisken shaxsti qa'liplestiriw bolip esaplanadi.

Dastu'rdin' tiykarg'i waziypalarinan bir ta`lim aliwshilardin' aqliy, individual o'zgeshelikleri ha`m uqipliliqlarin ju'zege shig'ariw bolip esaplanadi.

Uqipliliqlar mashqalasi psixologiya pa'ninde qiziqli ha`m belgili da'rejede izertlengen mashqalalardin' biri. Bul mashqala boyinsha a'yyemgi waqitlardan baslap usi ku'nge shekem alimlar izertlewler alip barg'an. Insannin'' imka'niyatlarin u`yreniwge Shig'is oyshillarinan (Farabiy, Beruniy, Abu Ali Ibn Sino), Rossiya psixologlari (B.M.Teplov, V.Ananev, N.V.Kuzmina, S.L.Rubinshteyn, A.Kovalev, V.N.Myasichev), Batis alimlari (A.Bine, T.Simon, F.Galton, V.Shtern, U.Ollport, K.Rodjers) siyaqlilar u`lken u`lesin qosqan. Usi mashqala u'stinde O'zbekistan psixologlari (E.Goziev, R.Gaynutdinov, M.Davletshin, B.R.Kodirov, V.A.Tokareva ha`m basqalar) da izleniwler alip barg'an.

Uqipliliq – insan ruwxiyatinin o'zgesheligi bolip, ol barliq psixikaliq protsessler ha`m jag'daylardin' jiyindisi sipatinda tu'siniledi.

Bul tu`siniktin' kemshiligi neden ibarat edi? Bul tu`siniktin' tiykarshisi Xristiyan Volf esaplap, onin' teoriyasina qarag'anda barliq psixikaliq ha'diyseler uqipliliqlar kategoriyasina kirilgen. Bunday jantasiwda belgili uqipliliqlar sistemasin aniqlaw mu'mkin emes edi. Uqipliliqlardin' insan o'mirindegi a'hmiyeti de aniqlanbag'an edi. Sonin'' ushin bul tu`sinik psixologiyada ken' tarqaladi.

**Uqipliliqlar –** shaxstin' individual o'zgesheligi bolip, og'an bilimler ko'nlikpeler sheberliklerdi o'zlestiriwdi toliqlig'i, tezligi, jen'illigi, teren'ligi ha'mde tu'rli xizmetti o'zlestiriw ha`m oni tabisli orinlawg'a baylanisli. Bul tu`sinikti psixologiyag'a ulli Rossiya alimi B.M.Teplov  kiritken bolip, ol bu'gingi ku'nde ken' tarqalg'an.

B.M.Teplovtin' pikirinshe «Uqipliliqlar» tu'sinigi o'z ishine u'sh ideyani qamrap aldi. Birinshiden, uqipliliqlar degende, bir adamdi basqasinan ajiratip turatug`in individual psixologiyaliq o'zgeshelikler. Ekinshiden, uqipliliq degende ha'r qanday individual psixologiyaliq o'zgeshelik emes, qandayda bir xizmettin' tabisli orinlawin ta'minlewshi o'zgeshelik tu'siniledi. U'shinshiden, «Uqipliliqlar» insannin' bilimleri, ko'nlikpeleri ha`m sheberliklerine ten'lestirilmegenligi lazim.

B.M.Teplovtin' pikirinshe uqipliliqlar u'zliksiz rawajlaniwda g'ana bar boliwi mu'mkin. Rawajlandirilmag'an, a'meliyatta qollanilmaytug`in uqipliliq o'z-o'zinen waqit o'tiwi menen joq bolip ketedi.

**Tabiyiy uqipliliqlar –** bul qabil etiw, este saqlaw, oylaw ha`m basqa a'piwayi psixikaliq protsesste ju'zege keletug`in uqipliliq. Olar insanda sotsial ortaliqqa iykemlese aliw uqiplilig'i bar. Bul arnawli ha`m uliwma aqliy uqipliliqlar, so'z ha`m logikadan paydalang'anda, shaxslarara, predmetler ara mu'nasebetlerde payda boladi.

Uliwma uqipliliqlar – insannin' tu'rli xizmet bag'darlarinda tabislarin ta'minleydi.

Arnawli uqipliliqlar insandi qandayda bir arnawli xizmet bag'darindag'i tabisin ta'minleydi ha`m onin' payda boliwi ushin arnawli arnawli ziyreklik boliwi kerek.

Bunday uqipliliqlarg'a muzikaliq, matematikaliq, texnikaliq, do'retiwshilik, pedagogikaliq ha`m basqalar kiredi.

Psixologiyaliq a'debiyatlarda arnawli uqipliliqlardi rawajlandiriwg'a baylanisli ko'plep ta'jriybeler islengen.

Muzikaliq uqipliliqlar B.M.Teplov ta'repinen u`yrenilip, «Psixologiya muzikalnix sposobnostey» degen kitabinda ken' aship berilgen.

Matematikaliq uqipliliqlar boyinsha V.A.Krutetskiy izertlew jumislarin alip barg'an. Ol o`zinin' «Matematikaliq uqipliliqlar psixologiyasi» monografiyasinda matematikaliq uqipliliqlar ha`m olardin' sistemasin ken' jaritip bergen.

Su'wretlew o`neri boyinsha uqipliliqlar V.I.Kirienko ta'repinen u`yrenilgen. onin' «Su'wretlew xizmet uqipliliqlari psixologiyasi» kitabinda Su'wretlew uqiplilig'inin psixologiyaliq analizi berilgen.

Sho'lkemlestiriwshilik uqipliliqlar L.I.Umanskiy ta'repinen u`yrenilgen.

**Ziyreklik –** insanda uqipliliqlardin' rawajlaniwinin' ta'biyiy deregi.

**Talant –** insan uqipliliqlarinin' rawajlaniwinin' joqari basqishi bolip, ol qandayda bir xizmet tu'rinde u`lken jetiskenliklerge erisiwge xizmet etedi.

**Geniylik –** insandi qandayda bir xizmet tu'rinde ulli shaxs etip ko'rsetedi.

Insannin' joqari da'rejedegi rawajlaniwi menen psixologiyanin' arnawli pa'ni akmeologiya shug'illanadi.

L.S.Vigotskiy ziyreklikti aniqlaytug`in izertlewlerdi ta'krariy o'tkeriw kerekligin aytadi, da'slep erkin, son' u`lkenler ja'rdemi menen o'tkerilgen ta'jriybeler na'tiyjelerin salistiriw tiykarindag'i ayirmashiliq arqali aniqlanadi. Ziyreklik – da'rejesin aniqlawdin' bul usili L.S.Vigotskiy ta'repinen «Bala rawajlaniwinin' jaqin zonasi» dep atalg'an.

Uqipliqtin' genetikaliq tiykarlari boyinsha pa'nde tu'rli qaraslar bar. Avstraliya alimi F.Gall miy ha`m ayiriqsha uqipliliqlar arasinda baylanis bar degen gipotezani ilgeri su'redi. Insan miyinin'' awirlig'i ha`m uqipliliqlar arasinda baylanis haqqindag'i pikirler de tastiyiqlanbag'an. Bizge belgili u`lken adamnin' miyinin' awirlig'i 1400gr awirliqqa iye. I.S.Turgenovtin' miyinin'' awirlig'i 2012gr, D.Bayrondiki 1800gr, ximik Libnixtiki 1362gr bolg'anlig'i aniqlang`an.

Bir aqli zayip adamnin' miyinin' awirlig'i 2kg jaqin bolg'an. Demek joqaridag'i aytilg'an pikirler o'z da'lilin tappadi.

Ha'r qanday uqipliqtin' birinshi etabi za'ru'r organikaliq sistemalar ha`m funktsional organlardin' jetilisiwi menen baylanisli (tuwilg'annan 5-7 jasqa shekem). Arnawli uqipliliqlardin' qa'liplesiwi kishi ha`m orta mektep jasina shekem dawam etedi. Baqlawlarg'a qarag'anda, uqipliliqlardin' aktiv qa'liplesiwi

shaxs rawajlaniwinin’ da’slepki basqishlarinda payda bola baslaydi. Motsart 9 jasinda muzikaliq pessalardi sherte baslag’an, Rafael 8 jasinda, Repkin 4 jasinda su’wret siza baslag’an, Pushkin 7 jasinda, Lermontov 8 jasinda qosiq jazg’an. Kibernitika atasi Viner 12 jasinda universitetke oqiwg’a kirgen. Biraq uqipliliqlar keyinrekte payda boliwi mu’mkin.

Soni ayiriqsha atap o’tiw kerek, eger orinlanip atirg`an xizmet joqari qiyinshiliqta bolsa, ol balanin’ uqipliliqlarinin’ rawajlaniwina tiykar boladi, buni L.S.Vigotskiy rawajlaniwdin’’ jaqin zonasi dep ataydi.

Atap aytqanda, uqiplar qa’liplesip ha`m rawajlanip baradi. Sonliqtan da uqiplardi rawajlandiriw ushin balani jasliq waqtinan onin’ jasina sa’ykes keletug`in xizmetke aralastiriw za’ru’r. Balalar mektepke shekemgi jasinan –aq su’wret saliwdi u`yrenedi. Ha’ykel jasaw menen shug’illanadi. Qosiq aytadi ha`m namalardi u`yrenedi. Ta’rbiyalaw sistemasinin’ biri balalardin’ uqiplarin ha’r ta’repleme rawajlandiradi. Bala qanday bir tarawda onin’ uqiplarin ko’rsetedi, biraq qalg’an basqa ha’mme na’rsede pu’tkilley biyparwa’ qarag’an waqitta balani bir ta’repleme tar, u’stirtin rawajlandiriw naduris boladi. Psixikaliq jag’inan ele duris deni saw ha’r bir bala mektepke tabisli ta`lim aliw ushin za’ru’rli uliwma tabislarg’a iye boladi. Uqiplar tiyisli xizmetke degen qizig’iwshiliq ha`m turaqli beyimlik penen birigip ketken jag’dayda na’tiyje beretug`inliqtan balalardin’ qizig’iwshiliqlarin aktiv tu’rde rawajlandiradi. Balanin’ xizmeti mu’mkinshilik bolg’aninsha do’retiwshilik boliwi tiyis.

Misali: A’debiy uqiplardi rawajlandiriw ushin ocherklerdi, gu’rrin’lerdi ha`m qosiqlardi hawazda, olardi mayda shu’ydesine shekem dodalawda mudami ja’ne sistemali tu’rde shinig`iwlar ju’rgiziw paydali boladi.

Balanin’ xizmeti onin’ bar mu’mkinshiligin ol orinlag’an xizmetine erisilgen da’rejesinen ba’rha’ma shamali basim keletug`in maqsetlerdi go’zleytug`in etip sho’lkemlestiriwge boladi.

Balalardin’ uqiplarin ta’rbiyalaw otirip olarda tosqinliqlardi jen’ip shig’iwdi rawajlandiriwg’a tiyisli. Geyde jaqsi uqiplarg’a iye bolg’an balalar sa’tsizlikke ushirag’anda qoli suwip ketedi, o’z isenimin joytadi, burin o’zi su’ygen islerge

suwiq qaraydi. Balanin’ uqiplarin rawajlandiriwda olardi o’zine talapshan boliw, o’zin-o’zi sin ko’zi menen qatnas jasaw siyaqli jeke adamnin’ belgilerin ta’rbiyalaydi. Balani tikkeley yamasa tikkeley emes tu’rde, al basqalardan u’stemirek, dep hesh qanday isendiriwge, balalardin’ uqiplarina basqa balalarg’a qarama – qarsi qoyiwg’a bolmaydi. Kersinshe, uqip balani, ol pu’tkilley basqa balalar siyaqli uqiplarg’a iye ekenin, olar onnan basqa na’rsede basim ekenine isendiriw tiyis. Uqipli bala, oqiwshi onin’ uqiplari og’an o`zinin’ do’gerek a’tiraplarina qatnas jasawda bir ayiriqsha jag’dayg’a qoyiwg’a, olarg’a joqari talap qoyiwg’a huqiq berilmeytug`inlig’in tu’sindiriw tiyis.

Pedagogikaliq uqipliliqlar N.V.Kuzmina, F.N.Gonobolinler ta’repinen u`yrenilgen. Olar pedagogikaliq uqipliliqlardin’ sistemasina to’mendegi bo’limlerdi kiritken:

A) Didaktikaliq uqipliliqlar – oqiw materialin oqiwshilarg’a tu`sinikli, aniq, jasina say ra’wishte oqitiw, ta`limge qizig’iwshiliq oyatiw, olarg’a erkin pikirlewdi qa’liplestiriw.

B) Akademiyaliq uqipliliqlar – tu’rli pa’nler (matematika, fizika, biologiya, tariyx x.t.b) g’a baylanisli bilimlerge iye boliw.

V) Pertseptiv uqipliliqlar – oqiwshinin’ ishki du’nyasina kire aliw uqiplilig’i, psixologiyaliq baqlawshiliq, onin’ psixologiyaliq jag’dayin duris an’lay aliw.

G) So’ylew uqiplilig’i – pikirlewi duris, aniq, emotsional soz arqali jetkere aliw.

D) Sho’lkemlestiriwshilik uqibi – oqiwshilar ja’ma’a’tin birlestire aliw ha`m arasinan jeteklew.

E) Avtoritar uqipliliq – oqiwshilarg’a emotsional – erkli ta’sir ko’rsete aliw uqiplilig’i.

J) Kommunikativ uqipliliq – balalar menen qarim – qatnasqa kirise uqiplilig’i.

Z) Pedagogikaliq qiyal – bul arnawli uqipliliq turi, analiz qoya aliw uqiplilig’i tiykarinda oqiwshi keleshegine, onin’ rawajlaniwin aldinnan ko`re aliw uqiplilig’i.

I) Diqqatti bo’listire aliw uqiplilig’i – bir waqittin’ o’zinde diqqatti tu’rli xizmetler arasinda bo’listire aliwi.

Bu’gingi ku’nde arnawli uqipliliqlari aniqlang’an oqiwshilar o’zlerinin’ ziyrekligin ju’zege shig’arg’an halda ka’sip o’ner kolledjlerinde, akademiyaliq litseylerde erkli ra’wishte oqiwin dawam ettirip, o’z jollarin tan’lamaqta. Bu’gingi ku’nde psixologiya pa’ni bul boyinsha a’hmiyetli orinlardi iyelemekte.

## 1.2. ZIYREK BALALARDIN’ PSIXOLOGIYASI HAQQINDA TU`SINIK

Ziyrek balalar – bul uliwma yamasa arnawli talantqa (muzikag’a, su’wretshilikke, texnikag’a ha’m.t.b.) iye balalar ha’mmesinen burin ko’rimlik talantqa iye balalardi aniqlaw an’sat. Ilim tarawinda matematikag’a uqipti tez aniqlawg’a boladi. Ju’da’ erte aqli jag’inan rawajlang’an balalardi vunderkind dep ataydi. Biraq balanin’ juda erte aniqlang’an uqiplari keleshektegi talanttin’ birewi bola almaydi. Balanin’ ajayip uqiplarinin’ belgileri jasina baylanisli. Uqiptin’ bahasi tek testke g’ana tiykarlanbawi tiyis. Uqipti aniqlaw ha`m rawajlandiriwg’a arnawli mektepler (ma’selen: muzika, matematika mektepleri) fakultet sabaqlari, ha’r qiyli do’gerekler, studiyalar, olimpiadalar, ko’zden o’tkeriwler ja’rdemlesedi. Bunday balalardi oqitiw formalari olardi mu’mkinshiliklerine sa’ykes keliwi kerek.

Ziyreklik – bul uqiplardin’ o’z betinshe u’ylesimi, ol jumistin’ tabisli orinlawin ta’minleydi; bul uliwma uqiplari, ol adamnin’ ken’ mu’mkinshiliklerin ko’rsetedi; bul aql potentsiali yamasa intellekt, biliw uqiplari menen bilimge bolg’an uqiplardin’’ bir pu’tin jeke sipatlamasi; bul ta’biyat ina’m etken uqiplardin’’ jiyindisi.

Ha’r qiyli adamlar menen ku’ndelikli turmista ushirasqanda, bul adamlar bir–birinen o`zinin’ uqiplig’i boyinsha ajiralatug`inin bayqaymiz.

«Ziyreklik» termini turmista ken’ qollaniladi. Ol zeyin tu’rinde rawajlaniw ushin organikaliq tiykarlarg’a iye boladi.

Uqiplar ko’p qirli boladi. Ha’r tu’rli bag’darda rawajlaniwi mu’mkin.

Uqiplardin’ nesheden neshege o’tiwin da’lillew ushin a’wladtagi ziyreklikti izertlew kerek. Biraq adamnin’ uqipligi onin’ nasilliligin tikkeley funktsiyasi bolip tabilmaydi. Nasillikten kelip shiqqan ha`m qiyin ala iyelegen uqiplar bir tutas birligi quraydi. Sonin’’ ushin adamnin’ qanday bir konkret psixologiyaliq qa’siyetin tek na’sillikke jatqariw bolmaydi. Ekinshiden, na’silden na’silge psixikaliq qa’siyetler emes, al olar rawajlaniwinin’ organikaliq qa’siyetleri g’ana o’tiwi mu’mkin. olar adamlardin’ ziyinliligin belgilemeydi.

Biz ziyrekliktin’’ na’silden na’silge o’tiwi haqqinda so’z etemiz. Bul tu`siniklerdi ajiratiw za’ru’r.

Adamlar o’zlerinin’ nasilden o’tken uqiplari menen g’ana emes, al o’zlerinin’ turmista iyelegen uqiplari menen de anag’urlim o’zgeshelendi.

Ziyreklik ha’r qiyli psixofizikaliq qa’siyetler psixikaliq protsessler tiykarinda rawajlanadi. Ol – quramali sintetikaliq du’zilis, ol o`zinin’ ishine bir qatar mag’liwmatlardi qamtip aladi.

Ziyrekliktin’ rawajlaniw barisinda uqip penen epshillik arasindag’i dialektika anag’urlim orin tutadi. Uqipliq penen epshillik, a’lbette, bir narse emes, biraq olar bir-biri menen tig’iz baylanisli. Birinshiden, ilim – bilimlerdi iyelew belgili da’rejede uqiplardin’ bolatug`inin na’zerde tutadi, ekinshiden qandayda bir iske uqipli qa’liplestiriwdin ozi onin’ menen baylinisli ilim – bilimlerdi iyelewdi na’zerde tutadi. Bul ilim – bilimler olardi adam iyelemegenge shekem onin’ uqiplig’i ushin sirtqi ko’rinis bolip qaladi. Olardi iyelegennen keyin, olar sirttan iyelengen ilim – bilim bolip qalmastan, jeke iyelikke aylanadi, sonin’’ menen birge uqiplardi rawajlandiriwg’a ja’rdemlesedi. Ma’selen, belgili bilimler sistemasi materialinda uliwmalastiriw, oylaniw usillarin aniq o’zlestirgen sayin adamda belgili epshillik toplanip qalmastan, al belgili uqiplar da qa’liplesedi. Haqiyqiy bilimlendiriw protsessi sipatindagi oqiw a’piwayi shinig`iwdan o’zgeshelenedi: onda epshillik ha`m bilimler arqali zeyinlik qa’liplesedi.

Adamnin’ zeyinligi onin’ mulki bolip tabiladi, ol ha’rekette qa’liplesedi. Ma’selen, jaziwshi, su’wretshi yamasa sa’zendenin’ do’retiwshiligi barisinda arnawli ziyreklik qa’liplesedi. Ziyreklik jumis subiekti retindegi adamdi kvalifikatsiyalaydi: adamnin’ mulki bolg’an ol ha’reket etpegen payttada potentsiyal retinde saqlanip turadi. Juwmaqlap aytqanda, ziyreklik bul adamnin’ quramali sintetikaliq o’zgesheligi, ol onin’ jumisqa bolg’an jaramlig’in belgileydi.

Adamnin’ jumisi – bul konkret miynet, ol arqali adam ta’biyatin o’zgertip, materialliq ha`m ruwxiyliq ma’deniyatti du’zedi. Adamnin’ barliq uqiplari bul, aqirinda, ha’r qiyli ko’rinisler, onin’ uliwma mu’mkinshiliklerinin’ ta’repleri. Adamnin’ uqiplari – bul onin’ oqiwg’a, miynetke bolg’an ko’rinisleri.

Miynetke, oqiwga bolg’an uqiplarin bildirip, adamnin’ ziyrekligi miynetke ha`m oqiwda qa’liplesedi. Ziyreklik bul sirtqi ko’rinis degen pikir naduris. Haqiyqatinda adamnin’ uqibi ha`m jumisinin’ o’nimleri arasinda teren’ o’z–ara baylanis bar. Qandayda bir jetiskenliklerde iske asirilip adamnin’ uqiplari tek ko’rinip qalmastan qa’liplesedi ha`m rawajlanadi. Adamnin’ uqiplari onin’ islegen jumisinda rawajlanadi ha`m sanalip ko’riledi.

Adamdi sipatlaytug`in onin’ ziyrekligi adamnin’ tabiatin quraydi, biraq adam tabiyatinin’ o’zi – bul tariyxtin’ o’nimi. Adamnin’ tabiyati onin’ jumis na’tiyjesinde tariyx rawajlaniw barisinda qa’liplesedi ha`m o’zgeredi. Adamnin’ ziyrekligi bul tariyx o`nimi: adamnin’ intellektual mu’mkinshilikleri onin’ tabiyati o’zgerip, biliw barisinda qa’liplesken, al onin’ ko’rkemlik uqiplari ko’rkem o’nerdin’ ha’r qiyli tu’rleri rawajlang’anda qa’liplesip barg’an.

Tariyxiy rawajlaniwdin’’ ha’r qiyli basqishlarinda ziyreklik aniq basqa mazmung’a iye bolg’an. Adamzat jan’a tarawlar ha`m ma’deniy jetiskenlikler jaratip barg’an sayin jana uqiplar payda bolg’an ha`m rawajlang’an, buring’i uqiplar jan’a aniq mazmun menen tolisip barg’an. Ma’selen, muzikanin’ rawajlaniwi, jan’a muzikaliq qtardin’ payda boliwi jana ko’rkemlik qabillawdin’ rawajlaniwi bolg’an. Tariyxiy rawajlaniw barisinda adamzatqa ha’r qiyli arnawli uqiplar islep shig’ilg’an. Olardin’ barlig’i adamnin’ miynetke ha`m biliwge bolg’an uqiplarinin’ ha’r qiyli ko’rinisleri bolip tabiladi. Na’tiyjede jumistin’ ha’r qiyli tu’rlerine bolg’an arnawli uqiplar qa’liplesedi.

Uliwma uqipti shiye «zeyinlik» termini menen ataydi. Arnawli uqiplar ha`m eplililikke qarag’anda zeyinlik degendi uliwma talant dep tusinedi. Sirt el a’debiyatinda oni intellekt dep ataydi.

Biraq soni atap o’tiw kerek, uliwma zeyinlik degende, adamnin’ barliq uqiplarinin’ jiyindisin na’zerde tutiw kerek. Bug’an adamnin’ jumisinin’ barliq o`nimligi g’a’rezligi.

Uliwma ha`m arnawli zeyinlik haqqinda ma’sele tartis ma’sele bolg’an. Ayirim ilimpazlar oni arnawli uqiplarinin’ jiyindisi dep tu’sindiredi, ekinshileri uliwma zeyinlikti moyinlag’an biraq oni ba’rha’ma arnawli zeyinlikke qarsi

qoyg’an. Bir qatar ilimpazlar oni orayliq nerv sistemasinin’ arnawli qa’siyeti dep tu’sindirgen. Zeyinlik – bul biologiyaliq jaqtan tastiyiqlang’an qa’siyet, dep atap o’tken olar.

Solay etip, bul ilimpazlar zeyinliktin’ uliwma tiykarin ha`m ishki birligin joytip alg’an. Olarg’a jumistin’ ha’r qiyli tu’rlerinde uqipliliq bir birine baylanissiz ko’ringen. Keyin ala analitikaliq funktsional tendentsialardin’ u’stinligi alip kelgen, bir qatar ilimpazlar uqiplardin’ biliw uqiplarin biykarlap, intellektti, ayirim mexanizmler menen funktsiyalardin’ jiyindisi dep tu’sindirgen. Tek mexanizmler menen organikaliq funktsiyalardi biletug`in psixologiya so’zsiz bunday tu`siniklerdi ajiratiwg’a alip keledi. «analitikaliq» teoriyalar ziyreklik haqqinda ma’seleni sheshkende, a’lbette, adamnin’ real birligin joytadi. Ha’r bir adam o’zinshe aqlli. Jumistin’ ha’r qiyli tarawlarinda aql tu’rlishi o’z ko’rinisin tabadi. Arnawli ziyreklik jumistin’ arnawli tarawlarina bolg’an qatnasta belgilenedi. Anaw yamasa minaw ziyrekliginin’ ishinde adamnin’ uliwma ziyrekligi ko’rinedi. Uliwma ha`m arnawli qa’siyetlerdin’ birligi g’ana adamnin’ shin ma’nisinde ziyrek ekenligin belgileydi. Oz ko’rinislerinin’ ko’p tu’rliligine qaramastan, ol ishki birligin saqlap qaladi. Bug’an haqiyqatliqtin’ ko’plegen jag’daylari da’lil bola aladi. Ma’selen, bir adam, bir tarawda o’zin ko’rsetip, ekinshi jumisqa o’tip, ol jerde de ziyrekligin ko’rsetedi. Bunda uliwma ziyreklik aldin ala da’lil bolip qalmastan, adamnin’ ha’r ta’repleme rawajlang’aninin’ na’tiyjesi boladi.

Adamnin’ ziyrekligi ba’rha’ma uliwma ha`m arnawli qa’siyetlerdin’ qandayda bir birliginde beriledi. Sirttan olardi bir birewine qarsi qoyiwg’a bolmaydi. Olardin’ arasinda ayirmashiliqta, birlikte bar. Bu reje uliwma ha`m arnawli aql ziyrekliktin’ oz – ara qatnasiqlarinada, uliwma uqipliq ha`m arnawli ziyrekliktin’ o’z – ara qatnasiqlarina da tiyisli. Belgili arnawli uqipliqtin’ boliwi adamnin’ uliwma ziyrekligine ta’sir jasaydi, al uliwma ziyrekliktin’ boliwi onnanda better ha’r bir arnawli uqiptin’ xarakterine ta’sir jasaydi.

Bul ma’nide uliwma ziyreklik ha`m arnawli uqiplar o’z-ara ta’sir jasaydi: olar bir pu’tinnin’ eki komponenti bolip tabiladi. Biraq uliwma ziyreklik ha`m arnawli uqiplar, yag’niy ziyrekliktin’ uliwma ha`m arnawli komponentleri ba’rha’ma

sa’ykes kele bermeydi. Ta’jriybe soni ko’rsetedi, uliwma ziyreklik arnawli qa’liplesken uqiplarsizda boladi, al ayirim arnawli uqiplar uliwma ziyreklikke sa’ykes kelmegen. Qanshama da’rejede anaw yamasa minaw arnawli uqiplarda arnawli eplilik penen arnawli texnika orin tutsa, sonshama da’rejede arnawli uqiplar ha`m uliwma ziyreklik arasinda sa’ykeslik az boladi. Sonin’ ushin, ma’selen, muzikantlar arasinda anag’urlim atqariwshiliq huquqqa iye biraq aql da’rejesi to’men adamlar ushirasadi. Biraq uliwma ziyreklikke iye bolmayturip, u`lken muzikant yamasa su’wretshi boliw mu’mkin emes. Qanshama da’rejede anaw yamasa minaw arnawli uqip joqari bolsa, sonshama da’rejede onin’ uliwma ziyreklik penen o’z – ara baylanisi tig’iz boladi.

Real aniq adamnin’ rawajlaniwi konkret sha’ra’yatlarda ju’z beredi. Adamnin’ konkret rawajlaniw barisina muwapiq onin’ ziyrekligi de ha’r bir konkret jag’dayda arnawli ha`m jeke rawajlanadi.

Bir adamnin’ ziyrekligi ekinshi adamnin’ ziyrekliginen o’zgeshelenedi. Uqiplar rawajlaniw barisinda qa’liplesedi. Rawajlaniw barisinda ziyrekliktin’ qa’niygelesiwi ju’z beredi. Ol oqiwdin’ bag’darina ha`m xarakterinede baylanisli.

Solay etip, uliwma ziyreklik ha`m arnawli uqiplar arasindag’i qatnasiqlar eki sirtqi tiykarlardin’ qandayda bir statikaliq qatnasiq bolip qalmastan, al rawajlaniwdin’’ o’zgermeli na’tiyjesi bolip tabiladi. Rawajlaniw barisinda anaw yamasa minaw da’reje payda bolip qalmastan, al uqiplardin’ minaw, u`lken yamasa kishi differentsiyasi yamasa qa’niygelesiwi payda boladi. Uliwma yamasa arnawli ziyreklikti konkret qatnasi, olardin’ o’zgesheligi ha`m birligi rawajlaniw barisinda qa’liplesedi ha`m rawajlaniw barisinda o’zgeredi. Ha’r bir adamnin’ arnawli uqiplarinin’ rawajlaniwi, ziyrekliginin’ arnawli tu’ri onin’ rawajlaniwinin’ jeke jolinin’ ko’rinisi bolip tabiladi.

Arnawli uqiplar rawajlaniwinin’ ozi quramali qubilis bolip tabiladi. Ha’r bir arnawli uqip o`zinin’ rawajlaniwinin’ arnawli jolina iye, onin’ barisinda bul uqip qa’liplesedi ha`m jetilisedi. Olardin’ ha’r qaysisina ta’biyiy tiykarlardin’ ro’li haqqindag’i soraw basqasha, arnawli tu’rde qoyiladi. Ma’selen, muzikaliq

ziyreklik ushin ilim tarawindag'ig'a qarag'anda ta'biyiy tiykarlar basqa ma'nige iye.

Arnawli uqiplardin' rawajlaniw jollarinin' o'zgesheligi olardin' waqtin aniqlawg'ada ta'sir jasaydi. Ko'rkem o'nerde, a'sirese muzikada ziyreklik erte aniqlanadi. Sonin' ushin jas talablardin' ziyrekligin aniqlaw ushin ma'nige iye.

Ko'rkem o'nerdin' basqa tarawlari, ma'selen texnikaliq oylap tabiwda, ziyreklik erte aniqlaniwi mu'mkin. sonin' jas oylap tabiwshilarg'a awdarip atirg`an diqqat orinli bolip tabiladi. Ilimiy tarawda bolsa ziyreklik anag'urlim son' aniqlanadi. O'zin ko'rsete alg'an ilimpazlardin' derlik barlig'i matematika tarawinan bolg'an.

Ziyreklik mashqalasi – bul aldi menen sapaliq mashqalasi. Adamnin' uqibi qanday da'rejede, adamnin' uqibi neden ibarat, onin' nege uqibi bar – usi sorawdan birinshi da'rejedegi, tiykarg'i sorawlar. Biraq bul sapaliq mashqala o`zinin' sanliq tiykarina da iye.

Ziyreklik o`zinin' sani yamasa bag'darina g'ana emes, al o`zinin' da'rejesin ha`m ko'lemi boyinsha da o'zgeshelenedi. Biraq adamnin' o'zinde ha'r qiyli uqiplar boliwi mu'mkin. Olardin' birewi a'hmiyetli, ekinshisi a'hmiyetsiz boliwi mu'mkin. Ekinshiden ha'r qiyli adamlarda qandayda bir uqip payda boliwi mu'mkin, biraq bul adamlardin' ziyrekligi ha'r qiyli boladi.

Turmista, ma'selen, balalardin' ziyrekligi haqqinda az bolg'anda, jiye olardin' uqiplarinin' joqari da'rejesi na'zerde tutiladi. Psixologiyaliq a'debiyatta ziyreklik uqiplardin' barliq da'rejesin belgileydi. Uliwma ziyreklik degende uliwma uqiplardin' da'rejesi na'zerde tutiladi. Ziyreklik ju'da' joqari da'rejesin talant ha`m dana tu`sinikleri menen baylanisadi.

Talant ha`m dana aldi menen obiektiv manileri menen ajiraladi. Talant balent shoqqilarg'a umtiliw uqiplari menen ajiraladi. Dana printsipial jan'aliq ashiw mu'mkinshiligine iye. Talantli adam adamzat jaratqan na'rselerdi o'zlestiriw mu'mkinshiliklerine iye, al dana adam bolsa shin ma'nisinde do'retiwshilik uqip iyesi boladi. Dana jiye universalizm sipatqa iye boladi.

Ziyrekti u`yreniw ha`m miynet ha'reketi barisinda qa'liplesedi. Oni usi ha'reketlerden tisqari aniqlawg'a barliq uriniwlar sa'tsizlikke alip keledi. Ziyrekliktin' da'rejesi ha`m sapasinin' a'hmiyeti adamnin' uqibi bar ekenliginin' ayqin da'lili bolip tabiladi. Biraq bul ko'rsetkishler adamnin' ziyrekligin jetkilikli da'rejede bahalawg'a mu'mkinshilik bermeydi.

Adamnin' uqibin rawajlaniw barisindag'i a'hmiyetinin' anag'urlim ko'rsetkishi – bul onin' o'siw da'rejesin pa'ti qabillaw mu'mkinshiliklerinin' mu'mkinshiligi ha`m alg'a ilgerlew tezligi. Sonday–aq oylaw qa'biletinde bilimlerdin' belgili ko'lemin iyelewge mu'mkinshilik beredi. Ha'r qiyli balalarda ha`m ha'r qiyli adamlarda bir tu'rli bilimlerdi iyelew oylaniwda, aql jaqtan rawajlaniwdin'' ha'r qiyli alg'a ilgerlewge alip keledi.

Ziyrekliktin' ko'riniw waqti da ziyrekliktin' ko'rsetkishi boliwi mu'mkin. onin' erte aniqlaniwi talanttin' biyik ekenliginin' ko'rsetkishi bolip tabiladi. Biraq erte jasta uqiplardin' aniqlanbawi balanin' bunnan bilay da rawajlaniwinin' keri ko'rsetkishi dep tu'siniw kerek. Keleshekte ko`rnekli ilimpaz, jaziwshi, su'wretshi bolg'an adamlar erte jasinda ayiriqsha uqiplar ko'rsetpegen tuwrali ko'plegen jag'daylar ilim ha`m ko'rkem o'ner tariyxina ma'lim. Sonday jag'daylarda da boladi, erte aniqlang'an talant keyin ala rawajlanbay qaladi. Ko'p na'rseni ku'ttirgen jas talantlar keyin ala u'mitlerdi aqlamay qaladi. Jiye bul awhal Vunderkindlerge tiyisli. Solay etip, uqiplardin' erte aniqlaniwi siyrekliktin' universal olshemi bolip tabilmaydi. Ol adam rawajlaniwi konkret sha'ra'yatlarinin' uliwma jiyindisindag'i bir a'hmiyetli payt esabinda ju'riwi mu'mkin. Ziyreklik haqqinda pikir ju'rgizgende, joqaridag'i ko'rsetkishlerden paydalang'an halda rawajlaniwdin' tek g`ana na'tiyjesin alip qoymastan, ol na'tiyjelerdi bahalaw kerek. Rawajlaniwdin' tezligin onin' sha'ra'yatlari menen birlikte bahalaw kerek. Sebebi oqiwdag'i yamasa jumistag'i bir qiyli jetiskenlikler ha'r qiyli sha'ra'yatlardi ha'r qiyli uqiplardi tastiyiqlawi mu'mkin. Bir qiyli sha'ra'yatlardag'i ha'r qiyli jetiskenlikler bir qiyli uqiplar tuwrali da'lillewi mu'mkin. Sirtqi ko'rinisleri qiyin sha'ra'yatlarda u`lken jetiskenliklerge erisiw uqibi juda u`lken ziyrekliktin' da'lili bolip tabiladi. Ma'selen, Lomonosov yamasa

Gorkiydin', qiyin sha'ra'yatlarda jasap ma'deniyat ha`m do'retiwshiliktin' biyik shoqqisina erisiw, a'lbette, ayiriqsha talantti talap etedi. Biraq, sonin' menen bir qatarda, qolaysiz sha'ra'yatlarg'a qarsiliq ko'rsetiw ku'shi ha`m olardan o'tiw uqibi ko'plegen narselerge g'a'rezli. Bul tek uqipka gana emes, al adamnin' jigerlik sipatlarinda da baylanisli biraq ayirim adamlar, qolayli sha'ra'yatlarda o'z uqiplarin ko'rsete alip, ko'p na'rseler do'retetug`in adamlar olardin' rawajlaniwindag'i qolaysiz sha'ra'yatlarda sirtqi tosqinliqlardan o'te almaydi. Sonin' ushin uqiplardin' rawajlaniwi anag'urlim da'rejede ja'miyetlik sha'ra'yatlarg'a g'a'rezli.

Ziyreklikti izertlew boyinsha na'tiyjelerdin' isenimsizligi qollang'an usillardin' tarlig'i menen de tu'sindiriledi. Jiy bularda sapaliq emes al san ko'rinisleri qollaniladi. Biogeografiyaliq usillar, jumis o`nimlerinin' analizi, mektep baqlawlari ha`m tabiyiy eksperiment qollaniladi.

Ziyreklik, talant haqqinda adamnin' mu'mkinshilikleri haqqinda ilim shegaralari haqqinda ilimge aylang'an. Ziyreklik tu'singin balalardin' ta'g'dirin aldin ala biliw esaplang'an.

Tiykarinan jumisshi ha`m diyxanlardin' arasinan az ilimpaz, su'wretshilerdin' shig'iwi olardin' ziyrekligi to'menligin ko'rsetpeydi. Bul talantlar jarliliqtin' aqibetinde o'zlerin ko'rsete almag'an. Sonda da bug'an qaramastan ko'plegen ilimpazlar, oylap tabiwshilar, su'wretshiler usi to'men klasstin' ishinen shiqqan.

Ziyrekliktin' tabiyati soni ko'rsetedi, onin' rawajlaniwi u`lken sotsial-siyasiy mashqala bolip tabiladi. Ziyreklikti ko'rsetiw mu'mkinshiligi ja'miyetlik sha'ra'yatlarg'a baylanisli. Biraq belgili jumisti iske asirilip, ziyreklik tek ko'rinip qalmastan, ol qa'liplesedi. Ziyrekliktin' rawajlaniwi ja'miyetlik sha'ra'yatlarg'ada baylanisli. Ma'deniyattin ha'r ta'repleme rawajlaniwi, ha'mme ushin onin' ashiq boliwi, jas talantlilar jo'ninde u`lken g'amxorliq ha`m olardin' rawajlaniwi u'stinde jumis alip bariw talanttin' gu'lleniwi ushin sheksiz mu'mkinshilikler aship beredi. Bizin' elimizde jaratilg'an sha'ra'yatlar barliq talantlardi ko'rsetiwge, qa'liplestiriwge, rawajlandiriwg'a sheksiz mu'mkinshilikler aship qoyipti.

Balalardin’ uqiplarin rawajlandiriw ta’rbiya ha`m u`yreniw barisinda asiriladi. Balanin’ uqibi materialliq ha`m ruwxiy ma’deniyattin’, texnika, ilim, ko’rkem o’nerdin’ mazmunin iyelew barisinda qa’liplesedi.

Tuwma talantta bul uqiplardi rawajlandiriwda bul: tiykar boladi. Qorshap turg’an ortaliq penen qatnas jasag’aninda adamzattin’ tariyxiy rawajlaniwinin’ jetiskenliklerin aste aqirin o’zlestiriwi barisinda ha’r bir adamnin’ uqibi ko’p tu’rli ha`m rawajlang’an zeyinlikke aylanadi. Daslepki epshilliklerdin’ a’piwayi kublarg’a aylanadi. Sonin’ menen birge ha’r bir qa’liplesip atirg`an uqip zeyinliktin’ bunnan bilay rawajlaniw ushin tiykar boladi. Ha’r bir uqip o’z ko’rinisin tawip, rawajlanadi, joqari basqishqa o’tedi, al joqari basqishqa o’tiwinin’ o’zi elede joqari basqishlarg’a alip bariwg’a mu’mkinshilikler tuwdiradi. Ha’r qiyli uqiplardin’ rawajlaniwinda bul tiykarlardin’ orni bo’lek boladi.

Balanin’ uqiplari rawajlaniwinda onin’ u`yreniwge tayar boliwi tiykarg’i basqish bolip tabiladi. Sirt el psixologiyasi menen pedagogikasinda u’stem bolg’an ko’z qarastan, bul balanin’ ha’r qiyli ko’rinislerde ju’z beretug`in u`yreniwge tayarlig’inin’ jetilisiwi. Haqiyqatinda mektepte oqiwg’a tayarliq yamasa uqip mektepke shekemgi ta’rbiyada qa’liplesedi. Oqiwg’a bolg’an uqip oqiw jasi menen sheklenbeydi. Jas sheklewlerin u`yreniw ushin sha’rt emes. Biraq balaliqti u`yreniw ushin ju`da` qolayli waqit. Usi oqiw barisinda kelesi oqiw ha`m eresek jasinda jetilisiw ushin ken’ mu’mkinshilikler jaratiladi. Balalardin’ uqiplarinda, uliwma ha`m arnawli uqiplarinda ko’plegen jeke o’zgeshelikler tabiladi. Olar oqiwdin` tabisli boliwinda bilimler sistemasin teren’ o’zlestiriwde oz ko’rinisin tabadi. Biraq tabisli oqiwdin’ o’zin ziyrekliktin’ o’lshemi dep tu’sinbew kerek. Ha’r qiyli oqiwshinin’ oqiwdag’i ha’r tu’rli tabisin ko’plegen sebepler menen tu’sindiriwge boladi: oqiwg’a qizig’iwshilig’i, alding’i oqiw talaplig’i menen. Bug’an uqiptin’ qatnasi bolmawida mu’mkin. Sonin’ ushin ha’r qiyli oqiwshilardin’ tabislari bir qiyli yamasa ha’r qiyli uqiplar bolg’anda da, ha’r qiyli uqiplardin’ ko’rsetkishi boliwi mu’mkin. Bir qiyli uqipqa iye bolg’an balalarda ha’r qiyli jetiskenlikler boliwi mu’mkin. Balalardin’ ziyrekligi tuwrali juwmaq shig’arg’anda olardin’ rawajlaniw sha’ra’yatlarin esapqa aliw kerek. Na’tiyjelerdi

usi sha’ra’yatlar menen salistirg’anda g’ana olardin’ ziyrekligi haqqinda pikir ju’rgiziwge boladi. Boljawlarg’a da abaylap qaraw kerek. Ziyreklik, yag’niy balanin’ uliwma uqiplarinin’ da’rejesi ba’rha’ma olardin’ organikaliq mu’mkinshilikleri o’lshenbeydi. Bul da’reje adam rawajlaniwinin’ putkil protsessinde tiykarlanadi. Ha’r qiyli basqishlarda ol o’zgerip turiwi mu’mkin. Uqiplar tez rawajlaniwi mu’mkin, olar aste aqirinliq penen rawajlaniwida mu’mkin. Ziyrekliktin’ to’menligi haqqinda juwmaq birden shig’arilmaydi. Oqiwda to’men u’lgeriw ko’plegen sebeplerge tiykarlaniwi mu’mkin. Bug’an tuwma organikaliq jetispewshilikte sebep boladi. Usinin’ sebebinen bala oqiwg’a qizig’iwshiliqti joytip aliwi mu’mkin. Ha’m oqiw normasinan shig’ip qaladi. Na’tiyjede, mug’a’llimnin’ biyparwa qarawi na’tiyjesinde jag’day shiyelenise beredi. Biraq bul jag’daydi du’zetiw an’sat ha’r bir balag’a tiyisli diqqat awdariliwi kerek.

Uliwma ziyrekliktin’ psixologiyaliq pa’seyiw jag’daylari da ushrasiw mu’mkin. bul ju’klilik sha’ra’yatlarina yamasa nerv sistemasinin’ buziliwina baylanisli.

Psixologiyani yamasa aql jaqtan zayipliliqti belgilew ushin psixologiyada oligofreniya haqqinda so’z boladi ha`m oni u’sh basqishqa bo’ledi: debillik, imbettsillik ha`m ideotizm. Ideotizm oligofreniyanin’ en’ awir tu’ri bolip tabiladi. Bunday jag’dayda bala basqa adamlardin’ ja’rdemisiz ha’reket ete almaydi. Oligofreniya bunday awir formasi ju’da’ siyrek ushirasadi. Imbitsillik – oligofreniyanin ortasha formasi. Bunda balanin’ aql mu’mkinshilikleri ju’da’ to’men boladi. O’z betinshe miynetke bala jaramsiz boladi. Dibillik – oligofreniyanin’ en’ jen’il formasi. Bunda uqiplar biraz pa’seygen boladi. Bunda bala oqiwi mu’mkin, biraq qisqarg’an bag’darlama boyinsha oqiydi. Debil balalar ushin arnawli qosimsha mektepler sho’lkemlestiriledi.

Oqiw protsessinde ju`z beretug`in rawajlaniw barisinan, o`ndiristegi miynetten ziyrekliktin’ rawajlaniw da’rejesi g`ana emes, al onin’ du’zilisi de baylanisli. Jeke turmis qa’lpi na’tiyjesinde ha’r bir adamda jeke uqiplar toplanadi.

Uqiptag`i jeke o’zgeshelikler balalarg’a jeke qatnas jasawdi talap etedi.

Sonin' menen birge, balalar oqiwinin` tabisi belgili da'rejede olardin' uqiplarina baylanisli bolg'anliqtan, al olardi uqiplarinin' rawajlaniwi ha`m qa'liplesiwi balalardin' bilimlerdi qabil etiw mu'mkinshiliklerine baylanisli bolg'anliqtan, mug`a`llimler aldinda to'mendegi waziypalar turadi: balalardin' jeke o'zgesheliklerin ha`m uqiplarin esapqa aliw ha`m olardi tiyisli bag'darda qa'liplestiriw. Balanin' uqiplari tuwilg'aninan payda bolmaydi desek, onin' uqiplarinin' rawajlaniwi o`z betinshe du`zilmewi kerek. Ol adamnin' do'retiwshilik ta'siri menen bag'darlaniwi tiyis.

Jaslar uqiplarinin' rawajlaniw bag'dari ko`pshilik miynettin` sho`lkemi adamg`a qoygan talaplardan ha`m ja'miyetlik idealardan g'a'rezli. Miynet bo`listiriw, aql ha`m qara miynettin` ayiriliwina alip keldi. Adam tek g`ana jeke bir funktsiyani atqariwg`a o`tti ha`m usi jeke funktsiyanin` quramina aylandi. Ha`zirgi waqitta aql ha`m qara miynet arasindag'i u`zilisti saplastiriw ma'selesi turipti. Solay etip aldimizda ha'r ta'repleme rawajlang'an adamdi qa'liplestiriw waziypasi tur. Adamnin' ha'r ta'repleme rawajlaniwi ha'r qiyli qizig'iwshiliqlardi rawajlandirip qoymastan, onin' uqiplarin da ha'r ta'repleme rawajlandiriwdi na'zerde tutadi.

Uqiplardin' ha`m qizig'iwshiliqlardi ha'r ta'repleme rawajlandiriw arasinda tig`iz baylanis bar: birinshiden, uqiplardi rawajlandiriw qizig'iwshiliqti xoshametleytug`in ha'rekette iske asiriladi, ekinshiden, anaw yamasa minaw jumisqa qizig'iwshiliq onin' tabisli boliwina tiykarlanadi, ol o`z gezeginde tiyisli uqiplarg'a tiykarlanadi. Bul o`z – ara baylanis anaw yamasa minaw predmetke qizig'iwshiliqlar arasinda qarama qarsiliqlar boliwin biykarlamaydi. Balada onin' uqiplarina juwap bermeytug`in qizig'iwshiliqlar da boliwi mu'mkin. anag'urlim uqiplar, shin ma'nisinde talay adette onin' moyinlaniwi menen belgilenedi.

Qizig'iwshiliqtin` ha'r ta'repleme rawajlaniwi qandayda bir bas bag'darlar boyinsha qizig'iwshiliqtin` toplaniwin biykarlaydi. Tap solayinsha uqiplardin' ha'r ta'repleme rawajlaniwi qandayda arnawli uqiplardin' (texnikaliq, ko'rkem oner) ayiriqsha rawajlaniwin biykarlamaydi.

## 1.3. ZIYREK BALALARDI TAN`LAW TEXNOLOGIYASI

Ziyrek balalardi tan`law 2 basqishta alip bariliwi kerek.

Birinshi basqishta:

– Topar oqiwshilarin jaqsi bilgen, balalar hu`rmetine sazawar bolg'an oqitiwshi yaki psixolog oqiwshilar menen sa`wbetke kirisedi;

– Oqiwshilardin' qa'biletleri ha`m qizig'iwshiliqlari boyinsha bir – birine bergen bahalari u`yreniledi;

– Ata-analardin' perzentlerinin' qizig'iwshilig`i boyinsha pikirleri alinadi;

Bul mag'liwmatlar arnawli anketa ha`m sorawnamalar ja'rdeminde alinadi (topar tapkirlarin tan`law metodikasi).

Sog'an tiykarlanip topar quramindag`i oqiwshilardin' qizig'iwshiliq ha`m umtiliwlari haqqindag'i mag`liwmatlar korreliyatsion analizlenedi ha`m uyimlastiriladi. Birinshi basqishta uliwma analiz alinip atirg`an oqiwshilardin' arasinan umtiliwi, qizig'iwi, aqliy rawajlaniwi boyinsha joqaridag'i ko'rsetkishlerge iye bolg'anlari saylap alinadi ha`m ma`lim bir bag'darg`a ajiratiladi.

Bular to'mendegiler:

1. aniq pa'nler;

2. Tabiyiy pa'nler;

3. Gumanitar pa'nler;

4. Ko'rkem o`ner tarawi (muzika, su'wretshilik t.b)

5. Sotsial taraw;

6. Tillerge (invistikaliq qa'biletler);

7. Basqariw tarawi, pedagogika tarawi;

Jeti bag'dardin` ha'r birinen topardin` alding`i aqliy rawajlaniwi u`stin ha`m qa'biletli oqiwshisi aniqlanadi. Bir toparda bunday oqiwshilar sani ko`pshilikti qurawi mu'mkin, bazida talapqa juwap beriwshi birde – bir oqiwshi shiqpawida mu'mkin.

Aling'an mag'liwmatlar bilimlendiriw mekemesi boyinsha jiynalg`anda, jeti bag'dardin` ha'r birinde o`z qizig'iwi ha`m bag'darlang'anlig`i menen ajiralip turatug`in aktiv oqiwshilar dizimi ju'zege keledi. Joqarida ko'rsetip o`tilgen jeti bag'dar boyinsha arnawli tayarlang'an ha'r bir neshe basqish dawam ettiriledi.

Ekinshi basqishta:

Birinshi basqishta toparda saylang'an aldagi, aktiv, aqliy rawajlaniwi u`stin ha`m qa'biletli oqiwshilar menen bag'darlari boyinsha teren'lestirilgen psixologiyaliq diagnoz o`tkeriledi.

Ziyreklerdi u`yreniw psixologiyaliq diagnoz protsessi to'mendegilerge tiykarlanadi:

1. Aqiliy qa'biletti o`lshew (uliwma intellekttin` joqarilig`i);

2. Do`retiwshilik qa'biletin o`lshew (do'retiwshiliktin` u`stinligi);

3. Pa'nlerdi o'zlestiriw boyinsha erisken jetiskenlikleri (reyting na'tiyjeleri, bahalardin' joqarilig`i);

4. Aqiliy ha`m do'retiwshilik qa'biletlerinen kelip shig`ip berilgen tapsirmalarg'a jantas

5. Sotsial maslasqanlig`in aniqlaw (qarim – qatnasqa kirisiwshen`ligi);

6. Jeke qa'siyetlerdi aniqlaw (individual psixologiyaliq qa'siyetleri);

7. Oqiwshig`a oqitiwshilardin', ata – analardin' ha`m olardin' bir – birine qa'biletleri, qizig'iwshilig`i boyinsha boyinsha bergen bahalarinin' mas keliwi.

Joqaridag`ilardin' ha'r bir boyinsha aqliy rawajlaniwi u`stin ha`m qa'biletli oqiwshi aniqlanadi. Saylap aling'an oqiwshilar haqqindag'i mag'liwmat ta`lim mekemesi boyinsha jiynalip, 7 bag'dardin` ha'r birinde o`z qizig'iwi ha`m bag'darlang'anlig`i menen ajiralip turatug`in aktiv oqiwshilar dizimi ju'zege keledi. Ziyrek dep tabilg`an oqiwshilardi ha'r bir oqiwshig`a qiziqli ha`m aqliy rawajlaniwin ta'minlew maqsetinde ken` imka'niyatlar ha'mde sha'rt – sha'ra'yatlar maqsetke muwapiq.

# 1.4. ZIYREK BALALARDI TAN`LAWDIN DIAGNOSTIKALIQ TIYKARLARI

Ziyrekliktin' birinshi ko'rinisi balalardin' jas waqitlarinan – aq belgili boldi. Ta`biyattan ziyrek bala basqa ten`leslerine salistirg`anda o`zinin' aqliy rawajlaniwinin' ozip ketiwi menen ajiralip turadi. Bul balalarg'a so'ylewdin` erte payda boliwi ha`m ju`da` ko`p bolg'an leksika baylig`ina iye boliwi, aqliy xizmetten sharshamaw, yag`niy olardin' tu'rli aqliy xizmetlerden qizig'iwshiliq penen izleniwleri qabil etiwleri. Olardin' qizig'iwshiliqlari o'zgerip turiwi mu'mkin, biraq aktivliktin` joqariliq da'rejesi ha'r dayim turaqliliqti joytpaydi. Bularda aqliy izleniwshen`lik iqtiyarsiz ra'wishte ju`zege keledi. Ziyrek balalar pikirlew protsessi tez boliwi, analizlew ha`m uliwmalastiriw qa'biletinin` bar ekenligi menen ajiralip turadi. Olar do'gerek – a'tirapta ju`z berip atirg`an waqiyalarg'a qizig'iwshan` bolip, olar uzaq muddetke shekem bolip o'tken waqiya ha'diyselerdi, ko'rgen – bilgen narselerin eslep qaliw ha`m kerek waqitta oni ja'ne qayta islewde tiklew imka'niyatlari ken` boladi. Ziyrek balalar u`lkenlerge salistirg`anda unamli ha`m unamsiz ta'sirge qiyinlig'i menen ajiralip turadi.

Ziyrek balalardi aniqlaw uzaq dawam etetug`in protsess. Ziyreklikti aniqlawda bir gana metodika menen sheklenip qalmastan, bir – birin toltiriwshi birneshe metodikalar qollaniliwi sha'rt. Sonda g`ana ko`zlengen toldiriwshi birneshe metodikalar qollanilip, maqsetke erisiw mu'mkin. Toliq ha`m isenimli na'tiyjelerdi aliw maqsette en` a`wweli, ko'lemi ushin tan`lanip atirg`an metodikalardi duris ha`m ilimiy tiykarlang'anlig`ina iseniwimiz kerek. Bunday metodikalardag`i talaplarg'a to'mendegiler kiredi:

Validlilik bul metodikanin` u`yrenilip atirg`an psixologiyaliq sipatlarinan salig`i ha`m aniqlig`i (sa`wbet, eksperimentlerdin' bahalaw), konkret analiz, obiektiv – monipuliyatsion kibi metodikalar ja'rdeminde aniqlanadi. Oqiwshinin' o'zine bergen bahasi da bul orinda u`lken a`hmiyetke iye. Bu'gingi ku'nde oqiwshilardin' ziyrekligin aniqlawshi bir qatar verval (pikirlerdi so`z ja'rdeminde jetkeriw), proektiv (obrazlar, su'wretler, ha'r tu'rli sxemalar ha'r tu'rli sxemalar

ha`m t.b.) metodikalar bar. Ziyrek balalardi aniqlawda oqiwshig`a mug`a`llimler, ata – analar ta’repinen ha`m olardin’ bir – birlerine qa’biletleri, qizig’iw ha`m umtiliwlari boyinsha bergen juwaplarin u`yreniwde arnawli anketa – sorawnamasi qollaniladi. Sonin’ menen birgelikte aqliy rawajlaniw (intellekt) da’rejesin Bine – Simon, D.J.Rovennin «Progressiv metodikalar» Kettel ha`m Meylinin «Intellektti o`lshew» testleri. D.Vekslerdin’ tayarliqqa iye bolg’an qa’niyge ta’repinen otkeriliwi maqsetke muwapiq.

Balalarg’a psixologiyaliq diagnoz qoyiw to’mendegi printsiplerge su`yenedi:

– Na’tiyjelerdin’ sirlilig`in ta’minlew (u`yrenilgen shaxsqa tiyisli mag’liwmatlardi basqalardan sir tutiw);

– Qollanilg`an metodikalardi ilmiy tiykarlang’anlig`i (isenimliligi);

– Sinaliwshig`a ruwxiy ziyan jetkermew;

– Na’tiyjelerdin’ obiektivligi (tek diagnoz na’tiyjelerine tiykarlang’anligi);

# II BAP. ZIYREK BALALARDI PSIXOLOGIYALIQ JAQTAN TANLAWDI EKSPERIMENTAL UYRENIW

## 2.1. ZIYREK BALALARDI ANIQLAW HA`M OLAR MENEN ISLESIWDIN' DIAGNOSTIKALIQ METODIKALARI

### «Ziyrek balalardi tan`law metodikasi» (B.Kadirov)

Topar oqiwshilarin jaqsi bilgen, balalar hu`rmetin qazang`an oqitiwshi yag'niy psixolog oqiwshilar menen sa`wbetke kiredi. Bizge belgili, balalar bir-birin oqitiwshilardan, ayirim jag'daylarda bolsa ata – analardan da jaqsiraq biledi. Sebebi du'nya qaraslari, umtiliwlari bir – birine mas bolg'an o`spirimler en` jaqin adamina aytpag`an sirlari ha`m keshirmelerin o`z ara ortaqlasadi. Usig`an tiykarlang'an topar quramindag`i balalardin' qizig'iw ha`m umtiliwlari haqqinda o'zlerinen soraw arqali uliwmalastirilg'an oy payda etiw usilin usi metodikanin` tiykarg'i pikiri bolip qabil qiling`ani biykar emes.

Usi sebepli bul metodika individual jag'day, bir adamnin' o`zin analiz etip, onin' topardag`i abiroyin biliwge bag'darlang'an. A'lbette topar komandasinin` toliq qatnasiwi talap etiledi. Topar hesh bolmag'anda bir jilliq birgeliktegi ta'jriybesine iye bolg'an boliwi kerek. Jan'a formalang'an toparlar, eki yamasa u`sh topardi ta'jriybe maqsetinde qosip o'tkeriw ku`tilgen na'tiyjelerdi bermeydi.

Metodikanin` tiykarin to'mendegi berilgen «O`z toparin`di bilesenbe?» dep atalg'an jeti soraw sho`lkemlestiredi.

O`z toparin`di bilesenbe?

To'mendegi sorawlardin' ha'r bir juwabina u`sh adamnin' ati familiyasin jazin`:

A) Kimler toparda matematika, informatika, texnik u`skeneler menen shug`illaniwdi unatadi yaki fizikadan en` jaqsi kim biledi?

1. ______________________________________________________

2. ______________________________________________________

3. ___________________________________________________________

B) Kimler toparda biologiya, ximiya yaki geografiyadan en` jaqsi biledi, tabiyat ha`m adam organizmine qizig`adi?

1. ___________________________________________________________

2. ___________________________________________________________

3. ___________________________________________________________

V) Kimler toparda en` ko`p a`debiy, yaki tariyxiy a’debiyat oqiydi, jazba isler ha`m bayanlardi jaqsi, qa`tesiz jaza aladi?

1. ___________________________________________________________

2. ___________________________________________________________

3. ___________________________________________________________

G) Kimler toparda sanaat tarawinda u`lken utislarg’a erisken, ma’selen jaqsi su’wret siza aladi, muzika aspablarinda u`lken sheberlik penen oynay aladi, ku’shli adebiy qa`lew ha`m ha`weske iye, qosiqlar shiniqtiradi?

1. ___________________________________________________________

2. ___________________________________________________________

3. ___________________________________________________________

D) Kimler toparda komanda isleri menen ko`birek shug’illanadi. Jamiyet taniw, tariyx, ekonomika, huqiq ma’selelerin jaqtiradi?

1. ___________________________________________________________

2. ___________________________________________________________

3. ___________________________________________________________

E) Klassta en` dana, oqimisli ha`m tillerdi u`yreniwge u`lken ha`wes penen o`z u’stinde ko`p isleytug`in oqiwshilardan u`sh adamnin’ atin keltirin`.

1. ___________________________________________________________

2. ___________________________________________________________

3. ___________________________________________________________

J) Sabaqlardan qiyinshiliq tuwdirg`anda gruppalaslarin`izdan kimlerge mu`ra`jet qilg`an bolar edin`iz. (kimlerden ma`sla`ha`t sorag`an bolar edin`iz, yag’niy kimler barliq predmetlerden ju`da` jaqsi biledi ha`m jaqsi tu’sindire aladi).

1. ____________________________________________________________

2. ____________________________________________________________

3. ____________________________________________________________

Oqiwshi ya`ki ta`lim mekemesi psixologi toparg`a kirgennen son`, balalardi jaqinnan biliwdi qa`lewin tu'sindirip, to'mendegi oyin shinig`iwdi mira`t etedi. Daslep ha'r bir oqiwshi bir betten taza qag`az aladi, biraq og'an diktant ya`ki bayan jazg`andag`iday ati – familiya ha`m basqa na`rseler jazilmaydi, yag'niy juwap betin toltirg`an oqiwshinin' ati – familiyasi belgisiz qaliwi kerek. Taza bet aling'anda balalarg'a tu'sindiriw kerek. Ha'r bir sorawdi bas ha`rip penen belgileydi. Sorawlar astinda jazilmaytug`in juwaplar bolsa sanlarda belgilenedi, birinshi juwap – 1, ekinshi juwap – 2, u`shinshi juwap – 3. Oqiwshilarda asiqpay, oylap ha'r bir sorawg`a xalisliq penen jantasiw lazimlig`i aytilg'an.

Keyin oqiwshi dana – dana etip, birinshi sorawdi oqiydi. Sorawlardin' balalar jazbaydi, biraq diqqat penen taqlaydi ha`m oqitiwshi olardin' ma'nisine qisqasha tu'sindiriw bergennen keyin oqiwshi sorawg`a juwap ta`rtip penen o`z gruppalaslarinan u`shke shekem ati – familiyasin jaziwlari mu'mkinligi tu'sindiriledi.

Ati – familiyalari (otchestvo) jazilip atirganda juwap berip atirg`an oqiwshi na`zerindegi usi sorawg'a juwap en` tez, bilimdan, jaqsi oqiytug`in ha`m en` kerekli, usi soraw a'tirapinda keleshekte ka'sip taqlawi mu'mkin bolg'an, usi bag'dardi jaqtirg`an, ha`wes ha`m meyilligi bar bolg'an, oqiwshini birinshi na`wbette, onnan keyin ja`ne kimdi usi ka'siplik tarawda alg`a, bilimdan esaplansa – ekinshi na`wbette ha`m son`, u`shinshi orinda da usi soraw a'tirapinda alda oqiwshinin' ati – familiyasi jaziliwi kerek bolg'an balanin' ta`lim mekemesinde jaqsi bahalarda oqiwinda emes – bul mag'liwmatlardi topar jurnalinan alsa da boladi – balki oqiwshinin' ta`lim bir ka'siplik tarawlarg'a ha`wes ha`m qizig'iwshilig`i bar joqlig`in toparlaslarinan tuwri bilip aladi. Demek, bul metodikanin` maqsetine qaray, ha'r bir oqiwshinin' ka'siplik ha`wes ha`m qa`lewleri basqalardan sorap biliw lazimlig`in testti o`tkeretug`in adam jaqsi tu'sinip alsa g`ana, bir sorawg`a juwap oqiwshi kimdi jaziw kerekligin tuwri

tu’sindire aladi. Maqset jeti sorawg`a tiyisli jeti tarawdin` ha’r birinen qizig’iw menen, keleshekti oylap, jaqsi ko`rip, qa`lew menen ha`m demek sol bag’dardag`i pa’nlerden jaqsi ha`m ayiriqsha bahalarda oqip atirg`an aktiv oqiwshilardi izlep tabiwg`a topar agzalarin u`ndew.

Bul isti toparlaslar, o’zleri bilmegen halda orinlaydi, lekin ta`lim mekemesi psixologi yaki metodikani o’tkeriwshi basqa bir adam, balalardin’ diqqatin tuwri bag’darlay aliwi, olardin’ este saqlawlari ha’r bir sorawg`a juwap xesh bolmag’anda bir balani qiyaliy toparlaslar arasinan izlep tabiw, familiyasin juwap betine tu`siriw menen ba`nt etiw kerek. Bunday ta`rtip penen ati familiyalarin jazdiriw usi metodikanin` a’hmiyetli ha`m na`zik ta’repi. Ayrim waqitlari oqiwshi yaki 2 adamnin’ familiyasin jazadi, lekin u`shinshi adamdi jaba almawi ha`m usi jaydi bos qaldiriwi mu’mkin. Ayrim jag’daylarda bolsa ha’r eki sorawg`ada bir oqiwshinin’ familiyasin eki – u`sh jerde jaziwi, kerekli jerde, eger oqiwshi sorasa, o`z familiyasin da jaziwg`a ruxsat beriliwi kerek. Usi sebepli bala o`z oylawinda kim usi sorawg`a basqalardan aldin, kim onnan keyin turiwi kerek degen qiyaldi qa’liplestire aliwi ushin oqitiwshi sorawdin` mazmunin a’tiraplisha tu’sindire aliwi ha`m balalarg’a tuwri bag’dar bere aliwi lazim.

Misali to`rtinshi – D) sorawdi oqip bergennen keyin, usi bir adamnin’ bolip atirg`an siyasiy waqiyalarg’a a’hmiyet berip baradi, ma’mlekettin’ jan’a pa’rman ha`m buyriqlarina, xalq araliq waqiyalarg’a qizig’adi, yadinda ko’plep tariyxiy waqiyalardi saqlap ju`redi, o`zi de ko`birek tariyxiy, huquqiy shig`armalardi oqiydi, kitaplar satip aladi, ken` ja’miyetshilik za’ru’rliklerin tez ha`m teren’ aqlaydi, dep usi sorawg`a ta`riyplewi, balalardin’ usi soraw a’tirapinda pikir ha`m oylarin ken`eytiriwi ha`m usi sonday o’zgesheliklerge iye bolg’an bala toparda bar bolsa, yag`niy usig`an uqsas jaqin oqiwshinin’ familiyasin jaziw kerekligin tu’sindiriwi lazim.

Sonda g`ana juwaplardin’ tiykarlang’anlig`i ha`m aniqlig`in kepillew mu’mkin. Sonday etip izbe – iz ha’r bir soraw oqilip og’an tu’sindiriw beriw protsessinde ha’r birine juwap topardag`i oqiwshilardin’ toliq juwap jazip u`lgerip otirg`anliqlarin test o`tkerip atirg`an adam baqlap turadi.

Test o`tkerip atirg`an oqiwshi toparda isshenlik jag’dayin ju’zege keltirip, balalardi mu’lk ha`m juwapkershilik penen, o`z ara so`ylespesten, bir-birine ma`sla’ha’t bermesten islewin ta’miynlewge erisiwi lazim. Yag’niy ha’r bir bala o’z bilgeninshe, mustaqil, o’z pikirlerine tayanip pikir bildiriwi kerek. Solay etip, ha’r bir oqiwshi, o`z qa`lewi menen juwap jazip bolg’annan keyin, artiqsha dodalawg`a jol qoymaw juwap betlerin tezlik penen jiynap aliniwi kerek.

Protsesstin` mazmuni sonnan guwaliq beredi, ha’r bir topardan ajiratip aling’an topar ziyreginin` uliwma aql da’rejesi, na’sillik bag’darindag`i ha`m usi ma`nige toparda tutqan orni usi topar da’rejesine qarag’anda, usi topar oqiwshilari na`zerine qarap alinadi.

Ta’jriybe uzag`i menen 15-20 minut dawam etedi. Eger ta’jriybe maqsetke muwapiq o`tkizilse, aling’an na’tiyje u`lken ja’miyetlik a’hmiyetke iye bolg’an mag’liwmatlar beredi. Juwap betleri tezde jiynap aling’annan keyin, topar o`zinin’ na`wbettegi waziypalarina kirise beriwi mu’mkin.

Ta’jriybe na’tiyjelerin islew. Juwap betlerinin’ islewi ta’jriybe o’tkerilip atirg`an ta`lim mekemesinin` o’zinde psixologlar, oqitiwshilar ya`ki ilimiy bo’lim baslig`i, ta’jriybe bir neshe toparda o’tkerilgen bolsa, ha’r bir topardin` na’tiyjeleri ayiriqsha uliwmalastiradi.

Da`slep, birinshi sorawg`a berilgen juwaplar ayiriqsha islenedi, yag’niy birinshi sorawg`a topar boyinsha ko`rsetilgen barliq familiyalar ayiriqsha tablitsag`a ko`shiriledi. Eger bir familiya ha’r qiyli oqiwshilar ta’repinen qayta – qayta dizimge aling’an bolsa, ekinshi ma`rteden baslap, sol familiya tuwrisinda na`wbettegi juwap betinde onin’ ta`rtip sani qoyiladi. Buni to’mendegi kesteden ko`riw mu’mkin.

| Ati ha`m familiyasi | A) matematika ha`m fizika pa`ni<br>K o` r s e t k i sh l e r i | «N» | «M» | «K» |
|---|---|---|---|---|
| 1. I.Ch. | 1,1,2,2,1,2,1,1,2,1,1,1,1,3,1,1,1,1,1,1,1,2,1,1,3,1,1; | 27 | 38 | 1,31 |
| 2. G.A. | 2,2,3,1,3,1,3,3,3,3,3,1,3,3,3,1,3,3,2,2,2,1,2,2,2; | 24 | 53 | 2,21 |
| 3. K.U. | 3,2,2,2,3,2,2,2,2,3,3,3,2,3,3,2,3; | 17 | 42 | 2,48 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 4. S.M. | 2,3,2,3,2,2,2,3,2,3,3,3,3,1,2; | 15 | 36 | 2,40 |
| 5. K.Yu. | 1,1,2,3; | 4 | 7 | 1,75 |

Toparda otiz bala otirg`an bolsa, solardan ma’selen, birinshi sorawg`a juwabi barlig’i bolip 10-12 adam tilge aling’an bolsin deyik. Joqaridag`i kestege ha’r bir balani neshe adam ha`m neshinshi orinda tilge alg`ani ko`rinip turipti, ayrim jag’daylarda balalardi 20-25 adam, basqalarin 1-2 adam ko’rsetken bolsa, bir qansha oqiwshilar uliwma tilge alinbag`an boliwi da mu’mkin.

Tap usi ta`rtipte basqa sorawlarg’a berilgen juwaplarda arnawli betlerge, matritsalarg’a ko`shiriledi. Solay etip, jeti sorawg`a berilgen juwaplardan jeti birlemshi matritsadan du`ziledi. Usi menen juwap betlerin islewdin` birinshi basqishi tamamlanadi.

Oqiwshilar toltirg`an juwap betleri jeti kestege ko`shirilgennen keyin, ekinshi basqish islewleri baslanadi. Ma`lim, matritsalarda ha’r bir topardan ko`pshiliktin` na`zeri tu`sken, aktiv oqiwshilar qatari ha`m olar alg`an dawislar mug`dari ko`rinip turipti. Endi bul dawislarg’a ta`rtip penen islew bersek, biz qa`legen mag’liwmatlardi alamiz. Joqarida 1-kestede keltirilgen mag’liwmatlardi qayta islew protsessinde, onin’ dawaminda to’mendegi a`meller orinlanadi: kestege keltirilgen ha’r bir oqiwshinin’ alg`an dawislarin sanap shig`amiz ha`m bul san «N», yag’niy usi oqiwshinin’ topar oqiwshilari ta’repinen tilge ashiniw sanin sho`lkemlestiredi. Bizin` misalda birinshi oqiwshi 29 ma`rte tilge aling’an eken.

Son` oqiwshi alg`an dawislardin’ ta`rtip orinlari (yag’niy 1,2,3 sanlar) jiynaladi. Jiyindi «M» ko’rsetkishin beredi. Bul ko’rsetkish aniq jag’dayda birar bir mazmung`a iye emes, bala toplag`an ballardi ko’rsetedi, tek endi «M» ko’rsetkishinin` «N» ko’rsetkishine qarag’anda «N» ko’rsetkishin tabamiz. Yag’niy «M» di «N» ge bo`lemiz. Sonda bo`linbe «N» a’hmiyetli psixologik mazmunga iye boladi. kestege «N» ko’rsetkishinde sa`wlelengen na’tiyje usi bir familiyanin` toparda tutqan orninin` sanlarda sa`wlelengen ortasha bahasin sa`wlelendiredi. Aniq, bul ko’rsetkish qa`nshelli 1ge jaqin bolsa, yag’niy kishi bolsa, demek bul oqiwshi ko`pshilik oqiwshilar ta’repinen joqari da’rejede ta`n

aling’an, aniqliq penen og’an dawis bergenler degen juwmaq beredi. Kerisinshe aling’an «N» na’tiyje 3 ke jaqin bolsa, onda usi familiyali bala abiroyina qarap topar turaqli pikirde emes ha`m demek, isenerli pikirdin` joqlig`inan derek beredi.

Usi ta`rizde ha’r bir kestedegi ja’miyetke iye, yag’niy topardin` ko`pshilik dawisin alg`an oqiwshilardin’ mag’liwmatlarina islew beriledi, yag’niy olardan da N,M,K ko’rsetkishleri shig`ariladi. Ha`r bir kestege ha’r qiyli bag’dardag`i balalar tanlang’anlig`in esapqa alsaq, en` ko`p dawis alg`an bala topar boyinsha usi tarawdin’ en` alda oqiwshisi ekenligine isenim payda etiw mu’mkin. Lekin «en` ko`p dawis alg`an» degen ibarani aniqlastiriw protsessinde usi na`rse ma`lim boldi, eger topardin` yariminan ko`p bo’limi usi oqiwshi ushin dawis bergen bolsa, onda usi oqiwshi usi tarawdin` ziyrek oqiwshisi dep ta`n aliniwi mu’mkin. Ko`p jilliq ta’jriybeler sani ko’rsetpekte, matritsalarda 50 ha`m onnan artiq protsent (%) dawis alg`an oqiwshilar ayrim waqitlari oqiwshilar ha`m ta`lim mekemeleri ja’ma’a’tshiligine tu`sken, aktiv usi taraw predmetleri boyinsha alda oqiwshilar usi sebepli ha’r bir matritsada ta’jriybede qatnasqan barliq oqiwshilardin’ yarimi ha`m onnan ko`binin` dawisin alg`an (yaki N ko’rsetkishi oqiwshilar saninin` 50% ten artiq bolg’an) oqiwshinin’ na’tiyjeleri belgilep qoyiladi. Bir matritsada N ko’rsetkishi 50 ha`m onnan artiq % quraytug`in oqiwshilar ayrim jag’daylarda 2-3 ya`ki ko`birek boliwlari mu’mkin, ayrim waqitlari bolsa, matritsada usi toparda 50% dawis alg`an oqiwshi shiqpawida mu’mkin. Usini esapqa alg`anda ziyrekliktin’ 50% miyzani biraz joqariraq tu`yiledi. Lekin haqiyqatinda da ziyrekler mug`dari ko`p sanli oqiwshilar toparin analiz etip shiqqanda 10-15% artpaydi. Bul ko’rsetkish normal bo`listiriw nizami a’tirapinda ekenliginen dalalat beredi.

Solay etip, jeti birlemshi keste matritsag`a ma`lim tartip penen barliq oqiwshilardan aling’an mag’liwmatlardi kiritken boldiq ha`m ha’r bir matritsanin` aqirinda N,M,K ko’rsetkishlerin shig`arip olardin’ arasinan 50 ha`m onnan artiq % dawis alg`an oqiwshilardin’ «N» ko’rsetkishlerin belgilep qoydiq. Usi menen ekinshi basqish islewleri de tamamlanadi. Endi na`wbettegi basqish jeti

matritsanin` ha’r birinen atiratip aliniwi mu’mkin bolg’an balalardin’ taqlaniwina qaratilg’an boladi.

Bunin` ushin ja`ne bir keste du`ziledi. Usi segizinshi matritsag`a jeti kestenin` ha’r birinde ziyrek dep ta`n aling’an, yag’niy tek 50 ha`m onnan artiq % dawis alg`an oqiwshilardin’ (N.M.K) ko’rsetkishleri ko`shiriledi.

Sonda matritsa to’mendegi tu`sti aladi (keste-2). Usi keste o’tkizilgen ta’jriybenin’ juwmaqliq na’tiyjelerin aniq ko’rsetedi. Endi bul kestede tek u`sh ha`m onnan artiq matritsada 50 ha`m onnan artiq % dawis alg`an oqiwshilar belgilenedi. Eger bunday oqiwshi bar bolsa, topar juldizi dep ataliwi kerek. Demek oqiwshini to’mendegi miyzanlar tiykarinda topar juldizi sipatinda tan aliw mu’mkin.

1) U`sh ha`m onnan artiq matritsanin` aqirg`i u`stininde uliwmalastirilg`an N ko’rsetkishi joqarilig`i menen a’piwayi ziyreklerden de ajiralip turiwi kerek.

Keste-2

| M | A | | | B | | | V | | | G | | | D | | | E | | | J.J | | | jami | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | N | M | K | N | M | K | N | M | K | N | M | K | N | M | K | N | M | K | N | M | K | N | M | K |
| 1.m | 29 | 38 | 1,31 | | | | | | | | | | | | | | | | | | | 29 | 38 | 1,31 |
| 2.g/a | 24 | 53 | 2,21 | | | | | | | | | | | | | | | | | | | 24 | 53 | 2,21 |
| 3.k/a | | | | 21 | 40 | 1,90 | | | | | | | | | | | | | | | | 21 | 40 | 1,90 |
| 4.s/m | | | | | | | 18 | 34 | 1,89 | | | | 17 | 26 | 1,83 | 23 | 32 | 1,39 | 18 | 34 | 1,89 | 76 | 126 | 1,67 |
| 5.k/yu | | | | | | | | | | 19 | 29 | 1,33 | | | | | | | | | | 19 | 29 | 1,33 |

Aniq bir oqiwshig’a topar bir marte de dawis bermegen bir waqitta basqa oqiwshi 15-20, u`shinshi bala 40-70 dawis toplay alg`an bolsa, bulardin’ pa’nlerge bolg’an qizig’iwshilig`i, umtiliwlarinda o`z kelesheklerine bolg’an mu’na`sebetlerinde, gumansiz, o`z ara parq bolsa kerek degen juwmaqqa keliw tiykarli. Usi ma`nide metodika bergen mag’liwmatlar oqiwshilardin’ topar haqqinda pikirler menen salistirip ko`riliwi kerek. Bunday salistiriwlar ko`p ma`rtelep a’melge asirilg`anda metodika mag’liwmatlarinin’ turmisliq ekenligine isenim payda etiw mu’mkin.

Eger balalarg’a berilgen sorawlarg’a itibar berilse:

1 – sorawda aniq pa’nlerge

2 – sorawda tabiyiy pa’nlerge

3 – sorawda gumanitar pa’nlerge

4 – sorawda ko’rkem o`ner tarawina

5 – sorawda ja’miyetlik tarawg`a

6 – sorawda tillerge

7 – sorawda basqariw tarawi, pedagogikag`a qizig’iwshiliq soraladi.

Ko’pshilik toparlarda usi sorawlardin’ ha’r birine juwap 1-2 oqiwshini ajiratip aliw mu’mkin boladi. Jeti bag’dardin` ha’r birinen topardin` alg`a, ziyrek oqiwshisin aniqlaw usi N ko’rsetkishinin` mug`darina baylanisli.

Eger bir soraw a’tirapinda bir matritsada topar boyinsha tek g`ana 4-5 adamnin’ ati – familiyasi keltirilgen bolsa, demek topar usi sorawg`a juwap onin’ ziyrekleri haqqinda aniqliq bildire alg`an. Kerisinshe ma`lim bir soraw a’tirapinda topar 15-20 oqiwshig’a ishara qilg`an bolsa, yag’niy matritsada ko`pshiliktin` familiyasi 1-4 dawislar menen ko’rsetilgen bolsa, demek topar dawsi sorawg`a qarap ziyrek dep atawg`a ilayiq oqiwshi joq ya`ki aniqliq joq. Ayrim jag’daylarda 50% dawis alg`an, yag’niy topar ta`n alg`an, usi tarawlarda jedellik u`lgilerin ko’rsetken oqiwshilar ko`p boliwi mu’mkin. Biraq basqa toparda usi sorawdan 50% miyzan talabina juwap beriwshi bir oqiwshi shiqpawida mu’mkin. Solay etip, mag’liwmatlardi qayta islegen oqitiwshi ya`ki psixolog jeti matritsa mag’liwmatlarina tiykarlanip, ha’r bir tarawdin` o`z ziyrek oqiwshilarin ajiratip aliwi mu’mkin.

Aling’an mag’liwmatlar ta`lim mekemesi boyinsha jiynalg`anda, jeti bag’dardin` ha’r birinen o`z qizig’iwi ha`m bag’darlang’anlig`i menen ajiralip turatug`in aktiv oqiwshilar topari ju’zege keledi. Ta’lim mekemesinin` do’retiw ja`ma`a`tine, ta’jriybeli oqiwshilarg’a, ka’sipke bag`landiriwshi qa’niygelerge, psixologlarg’a bul oqiwshilardi, olardin’ uliwma ha`m ka’siplik bag’darlari a’tirapinda rawajlandiriw menen shug`illaniw tapsiriladi. Usi oqiwshilar olimpiada qorlari ha`m qatnasiwshilari. Qullas, o`z aymag`i ha`m Respublikada at shig’arg’an ta`lim mekemesinin` aktiv ul-qizlari usilardin’ arasinan shig`adi.

Ko`rinip turipti, eger aling’an na’tiyjeler danaliq penen islense, ko`pshilik jag’dayda juwmaqlar basqa psixologik testler ko’rsetkishlerine mas keletug`in, obiektiv mag’liwmatlar beredi.

Bizin` negizimizde bul metodikanin` a’hmiyetli unamli ta’repleri to’mendegiler:

1) Metodikanin` an’sat o`tkeriliwi, oni topardin` a’piwayi oqitiwshisi ha`m arnawli tayarliq o`temey orinlawi mu’mkin.

2) Metodika turmisliq. Bul jerde topar oqiwshilarinin’ na`zeri ha`m a`dil bergen bahalari esapqa alinadi. Usi sebepli, ta`lim mekemesi oqitiwshilari ya`ki sirtqi qozg`altiwshilarg’a ta’jriybe na’tiyjeleri ku`tilmgen boliwi mu’mkin.

3) Metodika jeterli da’rejede obiektiv mag’liwmat beredi. Tan`law mexanizmi onday 50-70, ayrim jag’daylarda 90 ha`m onnan artiq ma`rte o`z toparinda «duris» alg`an yag’niy ati tilge aling’an bala ajiratip alinadi, bul sol toparda hesh kimnin` na`zerine tu`spegen bala da boliwi mu’mkin. Baqlawshi ha`m oqitiwshilar, oqiwshilar menen tanis bolmag’an izertlewshi ushin usi metodika ja’rdeminde topar «juldiz» larin ma`lim bir o`lshew birliklerinde, sanlarda sa`wlelengen jag’dayda ajiratip bariwlari mu’mkin.

Metodikanin` kemshilikleri de joq emes. Ayrim jag’daylarda ku`tilmegen na’tiyjelerde boliwi mu’mkin. ma’selen, usi metodikani jan`a qa’liplesken toparlarda o`tkerip bolmaydi, sebebi balalar o`z-ara bir-birlerin jaqsi biliwleri kerek. Ekinshi ta’repten ha’r bir topardin` «juldiz»lari boladi ha`m olar topardin` o`z o`lshemine ajiratip alinadi. Oqitiwshilar tili menen aytqanda jaqsi topardin` «juldizin» jaman topardin` «juldizi» menen ten`lestirip bolmaydi, biraq usi «juldiz» gumansiz, o`z toparinin` alg`a oqiwshisi.

Bul kemshilik ta`lim mekemesinde o`tkiziletug`in ku’ndelik analiz islerinin’ sipatinda unamsiz ta’sir ko’rsetpeydi, ba`lki, kerisinshe aling’an na’tiyjeler basqa metodikalar ja’rdeminde aling’an mag’liwmatlardi toltirada. Usinin` menen birge esaplaw usilinin` a’piwayilig`i, an’sat orinlawi metodika na’tiyjelerin qayta islew protsessinin` psixologtan ko`p miynet talap qiliwi menen qaplanadi.

Metodikanin` «K» yaki «N», «M» ko’rsetkishleri emperik mag’liwmatlar bolg’anligi da’rejesin o`lsheytug`in toliq shkala sipatinda paydalanip bolmaydi. Bul bolsa aling’an na’tiyjelerdi ilimiy – izertlew maqsetinde statistik ta’repten mug`darliq analiz etiwge baylanislilig`in ken` u`yreniwge ayrim jag’daylarda tosqinliq qiladi. Usi sebepli usi metodika izertlew maqsetlerde isletilgende onin’ mag’liwmatlarinan sipat analizi usilinda paydalaniwdi talap etedi.

Bir qarastan toliq jazilg`anlig`i ushin bul usilda izertlew o’tkeriw ha`m aling’an mag’liwmatlardi islew ju`da` mashaqatli ha`m qiyin ko`rinedi. Biraq oqiwshi bir-eki topar mag’liwmatlarin qayta islew protsessinde tu’sinip aladi, qayta islew protsessin a’piwayilastiriw mu’mkin. Aling’an na’tiyjelerdin’ isenimli ta’jriybe o`tkergen oqiwshi yaki psixologtin` tayarlig`i, onin’ izertlew materialina qa`nshelli taza mu’nasebette boliwina baylanisli.

– Wa`layat aymag`inda ziyrek balalardi aniqlaw ushin aymaqliq orta arnawli ka’sip-o`ner ta`limi basqarmasi qasinda isshi topar du`ziledi. Isshi topar wa`layat aymag`inda jiynalg`an mag’liwmatlardi oraylastirilg`an usilda qayta islewdi sho`lkemlestiredi. Isshi topar mag’liwmatlardi qayta islewdi to’mendegishe sho’lkemlestiriwi mu’mkin: Birlemshi mag’liwmatlar ko’rsetilgen keste (matritsa) lardi ko`pshilik bolip toltiriwdi sho`lkemlestiredi. Bunin` ushin joqari kurs oqiwshilarinan jeti oqiwshi ja’rdeminde shig`ariladi ha`m stol a’tirapinda ortaliq formasinda otiradi. Bir topar mag’liwmatlardi islewdi baslawshi oqiwshi tek birinshi sorawg`a berilgen juwapti ko`shiredi ha`m qasindag`i oqiwshig’a juwap betin uzatadi, ol bolsa o`z na`wbetinde ekinshi sorawg`a berilgen juwaplardi ko`shiredi ha`m u’shinshi oqiwshig’a uzatadi x.t.b. Solay etip, jeti oqiwshinin’ ha’r biri tek bir sorawg’a berilgen juwaplardi ko`shirip o`zinin` materialin toltirip bara beredi. Usi sebepli bul jag’dayda islew de orinlawshilar ushin qiziq ha`m tez orinlaydi biraq en` kerekli, na’tiyjelerdin’ ta`lim mekemesinde emes, ba`lki adillik bir ortaliqta oraylastirilgan jag’dayda, ko`pshilik bolip isleniwi balalardin’ tuwri tanlaniwin ta`miyinleydi. Ja’rdemshi oqiwshilardin’ usinis etiliwi olar tek familiyalarin koshirip beriwleri, na’tiyjelerinin’ qanday shig’iwinan qattiy na`zer ha`m tezlik ha`m haqiyqatliq ma’nisinde ju`da` paydali. Usi barista, bir oqiwshilar

du`zip beriwleri mu’mkin. Isshi topardin` basqa ag’zasi bolsa tiyisli ja’rdemin qag`az – qa`lemdi, bos matritsa betlerin, ta`lim mekemelerinen kelgen mag’liwmatlardi alip, keyin jetkerip beriw, qayta islengen mag’liwmatlardi ta`lim mekemeler ha`m toparlarg’a klasslap turiwi lazim.

Gu`mansiz, wa`layat boylap jiynalip kelgen 100-200 topardin` mag’liwmatlardin’ qayta islep, ha’r bir topardan jetewden matritsa aliwina shekem sho`lkemleskenlik qa’bileti ha`m pidayiliq talap etedi.

Metodikanin’ negizgi ma’nisi – oqiwshilardin’ sorap emes, ba`lki topar ta`n alg`an jedel pikirli, aktiv oqiwshilardi adilana, yag’niy oqiwshilar o`z-ara ma`sla`ha`tlespey, ha’r kim o`z pikirin bildirgen jag’dayda ajiralip shig`atug`in topar «juldiz»in tabiw.

Aling’an na’tiyjeler danaliq penen islense, ko`pshilik jag’dayda juwmaqlar basqa psixologik testler ko’rsetkishlerge mas islenetug`in, obiektiv mag’liwmatlar beredi.

Izertlew obiektimiz bolg’an No`kis qalasindag`i №17-orta mektepte «Ziyrek balalardi tan`law» metodikasi boyinsha aniqlawshi ta’jiriybe o`tkergen edik. aniqlawshi ta’jiriybede aling’an na’tiyjelerdi to’mendegi tablitsada keltirip o`tiwge ha’reket qildiq.

**«Ziyrek balalardi tan`law» metodikasi boyinsha aniqlawshi ta’jiriybede aling’an na’tiyjeler.**

**2.1.1-tablitsa**

| № | I.F.A. | A matematika ha`m fizika pani ko’rsetkishleri | «N» | «M» | «K» |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | I.B. | 1,1,2,1,1,2,1,1,1,3,1,1,1,1,1,2,2,1,1,1,2,1,1 | 23 | 30 | 1,3 |
| 2 | G.Sh | 1,2,2,2,1,2,2,2,1,1,1,1,1,2,1,2,2,2,1,1,1 | 21 | 31 | 1,4 |
| 3 | K.U | 3,2,2,3,2,2,3,2,2,2,2,3,3,3,2,3,2,3 | 18 | 44 | 2,4 |
| 4 | S.G. | 2,3,2,3,2,2,2,3,2,3,3,3,3,2,3 | 15 | 38 | 2,5 |
| 5 | P.R | 1,1,2,1,2,2,1,1,1,1,1,1,1,1,1,1, | 16 | 19 | 1,18 |
| 6 | Z.Sh | 2,1,2,2,2,2, | 6 | 11 | 1,8 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 7 | K.G | 1,2,2,2,3,3,1,3,2 | 9 | 19 | 2,1 |
| 8 | T.Sh | 3,3,2,3,3,3,2 | 6 | 19 | 3,1 |
| 9 | Z.P. | 1,1,2,2,3,3,3,2 | 8 | 17 | 2,1 |
| 10 | G.K. | 3,2,2,2,3,3,2,3,3 | 9 | 23 | 2,5 |
| 11 | P.M. | 2,2,3,3,3,1,2,2,2 | 9 | 20 | 2,2 |
| 12 | M.B. | 3,2,2,2,2,2,3 | 7 | 16 | 2,2 |
| 13 | Sh.Z | 1,1,3,3,3,3,2,2,2,2,2,3,3 | 12 | 29 | 2,4 |
| 14 | P.N. | 3,2,2,2,3,3,3,3,2,2,2,2,2 | 13 | 31 | 2,3 |
| 15 | G.Sh | 2,2,2,2,3,2,2,2,2,2 | 10 | 21 | 2,1 |
| 16 | Sh.M. | 2,3,2,2,2,3 | 6 | 14 | 2,3 |
| 17 | G.M. | 1,2,3,1,2,2,3,3 | 8 | 17 | 2,1 |
| 18 | G.N. | 2,2,3,2,2,3,3,3,2 | 9 | 22 | 2,4 |
| 19 | P.L. | 3,2,2,2,3,3,3,2,2 | 9 | 22 | 2,4 |
| 20 | Z.Sh. | 2,3,2,2,2,3,3,3,2,2,2,1 | 12 | 27 | 2,2 |
| 21 | L.B. | 3,3,3,3,2,2,2,2,2 | 9 | 22 | 2,2 |
| 22 | B.Sh. | 3,2,2,2,2,3,3,3,2,2 | 10 | 24 | 2,4 |
| 23 | G.M. | 2,2,2,3,3,2,2,2,2,2 | 10 | 22 | 2,2 |
| 24 | P.N. | 3,3,3,2,2,2,1,2 | 8 | 19 | 2,3 |
| 25 | K.L. | 2,2,2,3,3,3,3,3,3 | 9 | 24 | 2,6 |

Bul tablitsada ko`rinip turg`aninday respondentlerimizdin` basim ko`pshiligi I.B., G.Sh., P.R., Z.Sh ismli oqiwshilardi ziyrek oqiwshi qatarinda ko’rsetken.

## «Geometriyaliq figuralar ja’rdeminde Adam su’wretin siziw» metodikasi

***Metodika waziypasi***-insanlardin’ uqiplig`in, qaysi na`sipti jaqsi mengeriwin, qaysi ka’sipti iyelewine uqiplig`i, qizig`iwshilig`i bar ekenligin tekseredi.

O`tkeriliw ta`rtibi-Sinaliwshilar to’mende berilgen geometriyaliq figuralardan paydalanip Adam su’wretin sizadi. Ha`r bir figurani kishireytip ha`m

u`lkeytiw mu’mkin, olardi bir-birine birlestiriw mu’mkin, biraq figuralar soni onnan aspawi tiyis, kembolsa sizin`, ko`p bolsa o`shirin`.



Su’wretti bahalaw ushin u’shmu’yeshlikler sani ju’zlik, aylana sani onliq, kvadrat bolsa birlik penen esaplanadi. (ma’selen u’shmuyeshlik 6; shen’ber 3; kvadrat 1 bolsa 631 boladi).

1-tip 901,910,820,811,703,712,721,730,604,622,613,631,640- “basliq”

2-tip-505,514,523,532,541,550 “ta’rtipli orinlawshi”

3-tip-406,415,424,433,442,451,460 “ishshen’”

4-tip-307,316,325,334,352,361,370 “Alim”

5-tip-208,217,226,235,244,253,262,271,280 “intuitsiyali”

6-tip-109,118,127,136,145,019,028,037,046 “jaratiwshi, proektshi, xudojnik”

7-tip-550,451,460,352,361,370,253,262,271,280,154,163,172,181,190, 055, 073, 082, 091 “Empotik”

8-tip-901,802,703,604,505,406,307,208,109 “Empotik emes”

## ***Tipler xarakteristikasi***

1-tip “Basliq” – o’z atinan ko`rinip turipti basshiliq, sho’lkemlestiriwshilik qa’bileti bar adamlar bolip sotsial ortaliq tiykarinda o`zin tutiwshi, ha’r jerde tez maslasiwshi, jasil ren`di jaqsi ko`redi 901,910,802,811,820 o`zgelerdi o’zine boysiniwin jaqsi ko`redi. 703,712,721,703 so`z benen ta’sir etiwshi. 604,613,622,631,640 oqitiwshi basliq.

2-tip- “Orinlawshi” basshig`a uqsas ta’repleri ko`p, lekin bir qararg`a kele almaslig`i menen parqlanadi, sho’lkemlestiriwshilik, o’zine ha`m basqalarg’a

talapshan, haqiyqatti jaqsi ko`redi, tez-tez nerv sistemasi kesellenip turadi (sharshaw na’tiyjesinde)

3-tip- “Isshen” ha`r tu’rli qa`bilet ha’m talant iyesi,bir neshe ka`siplerdi biledi, bir pa`n menen sheklenbeydi, ta`rtipsizlikti jaman ko`redi, (sol ma`selede tez-tez ja`njellesip turadi) tez qapa boladi, kewili jumsaq.

41B- «Shayir» 424- «o`te isshen`»

4-tip «Alim» -o`z atinan belgili ilimiy iske uqipli, izleniwshen`,intellekti ku’shli,teoriyaliq bilimi ku’shli,o`z isinin` ustasi.

316-teoriyaliq ta`repten ha`r qanday teoriya islep shig`atug`in, ko`p ha`reketshen.

325–o`mirdi u`yretiwshi alim, meditsina xizmetkeri, biolog, bul tipke kino,tsirk, teatr, rejissyor h.t.b kiredi.

5-tip intuntsiali – nerv sistemasi jaqsi isleytug`in, lekin sharshamaytug`in, bir isten ekinshisine tez o`te alatug`in, jan’aliqqa umtiliwshi, o`zgelerdi qorg`aydi, texnikaliq do’retiwshilik penen shug`illaniwshi, o`zinin` ortaliq normasina iye bolip, usig`an boysinadi ha’m ku’shli baqlaw qiladi, o`z tazalig`in hesh na`rsege almaspaydi.

235-psixolog, 244-filolog, 217- ko’rkem o`ner, 226-jan’aliqqa o`sh.

6 -tip – oylap tabiwshi, proektlewshi, su’wretshi.

7-tip–empotik-o`zgelerdin’ g`ami ha’m shadlig`ina sherik, xarakteri mu`nayim, o`zgelerdi oylap o`zin umitip qoyatug`in shaxslar tipi.

8-tip – empotik emes empotik tiptin` teskerisi, egoistlik qa`siyetleri basqalardi o’zine boysindiriwshi, eger sonday qilaalmasa o`z mashqalasi menen o`zi a`were bolip, jalg`izlanip qaliwshi tip.

Bunnan tisqari su’wrette ajiralip turiwshi ko’rinisler bolsa.

Matin - tez qapa boliwshi

Qulaq - tin`lawdi biletug`in

Qalta - balalardi oylawshi

Shlyapa - mashqalali, ta`shiwishli.

Betinde tek awiw bolsa-ko`p so’yleytug`in

Ju`zi toliq (qas) ko`z,murin,awiz-ortaliqtin` gu`li

Tek murin - iysti seziwshi,jaqsi ko`riwshi.

10.Qan gruppan`izdi bilesizbe?

Maqset: Insanlardin' qan gruppasina qarap olardin' qanday o`zgesheliklerge iye ekenligi aniqlanadi,salamatlik da`rejesi aniqlanadi.

I qan gruppasi – bul gruppag`a tiyisli shaxslar joshqin, serg`ayrat, tez ilinisip qalaberetug`in boladi. Olar bekkem sawatqa iye,basshiliq lawaziminda olar o’zlerin toliq ko’rsete aladi. Olar jumista sharshawdi bilmeydi, qisqa mu`ddette basqalardan u`sh ese ko`p jumis orinlaydi. Olar tabiyattan salamat, uzaq omir ko`redi. Olardin' 75 jil o`mir ko`riw mu’mkin, basqa ha’m gruppalarina iye bolg’an insanlardan 60% joqari.Bul qan gruppalarinin' fizikaliq ta’repten salamat boliwi, olardin' ruwxiyatinin` bekkemligi menen belgilenedi.Olar 12 barmaqliq ishek ha’m asqazan jarasi da`rtine iye boladi. Fizikaliq miynet olar ushin paydaliq spirtli ishimliklerden olar basqalarg’a qarag’anda ha’m ziyanlanadi. Olarg’a mol ha`m tawiq go`shi say keledi.

II qan gruppasi-bular a`depli, sezgish insanlar bolip, olar en` ku’shli (halati) stress jag’dayinda da is qa`biletin jog`altpaydi. Olar insapli, tirisqaq kisiler bolip, xizmet lawaziminda tez ko`teriledi. Olar wa`delerine ha`mishe sadiq boladi. Olar ata-analarina doslarina ha`miyshe sadiq. Bir so`z benen aytqanda ha`r ta`repleme ka`mil shaxslar. Biraq olar da`rtke tez-tez shalinadi. A`sirese ju`rek infarkti, ateroskleroz, rak keselliklerine say bolip keledi. Olar jen’il go`shlerdi jewleri paydali. Bul qan gruppasindag`ilar spirtli ishimliklerdi ko`tere almaydi.

III qan gruppasi- bular tabiyattan nazakatli ha’m qa`biletli insanlar bolip keledi. Olar ka`sipleslerin, doslarin hu`rmetleydi. Jumis barisinda olarg’a da, basqalarg’ada ju`da` talapshan. Olar sirttan mo`min, bekkem ko`rinsede, asilinda ju`da` na`zik boladi. Bul qan gruppasindagi hayallar qizg`anshaq(rashq ku’shli) boladi. Uliwma olar g`a`rezsiz boliwg`a mas boladi. Olar ko`birek keypiyatqa qarap is tutadi. III qan gruppasindag`ilar I qan gruppasina qarag’anda salamat bolip keledi. Olar qoy go`shin jewi kerek .

IV qan gruppasi – bul qan  gruppasindag`ilar eki qa`lip iyesindey bolip ko`rinedi.

Olardin’ sershubqaliq ha’m ishki qiynaliwlari azaplang’anlig’i sebepli de bazida sonday boladi. Olar qa`libindegi sezimlerin ishinde saqlaydi, sirtqa shig`armaydi. Muxabbat dosliq ha’m shan’araqta olar ha’wes qilsa arziytug`in kisiler boladi. O’zin baxitli qiliwg’a umtiliw arqali ol o’z ma`shuk ha’m ma`shuxasinin’ ha’m saadatli boliwi ushin umtiladi. Bul qan gruppasi haqqinda xabarlar az bolip (bul qan gruppasi az ushiraydi) bul jag’day keyinrek izertlew o’tkeriwge tosqinliq qiladi.

Biz «Geometriyaliq figuralar ja’rdeminde Adam su’wretin siziw» metodikasi boyinsha aniqlawshi ta’jiriybe o`tkergenimizde to’mendegi na’tiyjelerdi aliwg’a eristik ha`m aling’an na’tiyjelerdi tablitsada ko’rsetip o’ttik.

***«Geometriyaliq figuralar ja’rdeminde Adam su’wretin siziw»* metodikasi boyinsha aniqlawshi ta’jiriybede aling’an na’tiyjeler.**

**2.1.2-tablitsa**

| № | I.F.A. | 1-tip | 2-tip | 3-tip | 4-tip | 5-tip | 6-tip | 7-tip | 8-tip |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | I.B. | + | - | - | - | - | - | - | - |
| 2 | G.Sh | - | - | + | - | - | - | - | - |
| 3 | K.U | - | - | - | - | - | - | - | - |
| 4 | S.G. | - | - | - | - | - | - | - | - |
| 5 | P.R | - | - | - | - | + | - | - | - |
| 6 | Z.Sh | - | - | - | - | - | + | - | - |
| 7 | K.G | - | - | - | - | - | - | - | - |
| 8 | T.Sh | - | - | - | - | - | - | - | - |
| 9 | Z.P. | - | - | - | - | - | - | - | - |
| 10 | G.K. | - | - | - | - | - | - | - | - |
| 11 | P.M. | - | - | - | - | - | - | - | - |
| 12 | M.B. | - | - | - | - | - | - | - | - |
| 13 | Sh.Z | - | - | - | - | - | - | - | - |
| 14 | P.N. | - | - | - | - | - | - | - | - |
| 15 | G.Sh | - | - | - | - | - | - | - | - |
| 16 | Sh.M. | - | - | - | - | - | - | - | - |
| 17 | G.M. | - | - | - | - | - | - | - | - |
| 18 | G.N. | - | - | - | - | - | - | - | - |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 19 | P.L. | - | - | - | - | - | - | - | - |
| 20 | Z.Sh. | - | - | - | - | - | - | - | - |
| 21 | L.B. | - | - | - | - | - | - | - | - |
| 22 | B.Sh. | - | - | - | - | - | - | - | - |
| 23 | G.M. | - | - | - | - | - | - | - | - |
| 24 | P.N. | - | - | - | - | - | - | - | - |
| 25 | K.L. | - | - | - | - | - | - | - | - |

Joqaridag`i tablitsada ma`lim bolg’aninday aniqlawshi ta’jiriybesinde

**«*«Geometriyaliq figuralar ja’rdeminde Adam su’wretin siziw*» metodikasi boyinsha aniqlawshi ta’jiriybede aling’an na’tiyjeler**» metodikasi boyinsha ta`krariy ta’jiriybe o`tkergenimizde aniqlawshi ta’jiriybede ko’rsetip o’tken oqiwshilar yag’niy I.B., G.Sh., P.R.,Z.Sh ismli oqiwshilar ziyrek oqiwshilar dep tan’lap alindi**.**

## 2.2. AQILDI O'LSHEWDIN' «VEKSLER SHKALASI»

Intellektti tekseriwdin` en` ken` tarqalg'an metodlarinin' biri Amerikaliq psixolog ha`m psixiyatr D.Veksler ta'repinen islep shig`arilatug`in balalar intellektin` o`lshew shkalasi.

Rossiyada birinshi bolip Veksler shkalasi V.M.Bexterev atindag`i Lelingrad psixonevrologiyaliq ilim-izertlew institutinda iykemlestirilgen. Metodika B.G.Ananiev mektebi psixologlari ta'repinen intellekt rawajlaniwin uzaq jillar u`yreniwde sonday aq balalarda rawajlaniwdan shetke shig'ariwlar ha`m arqada qaliwlardi differentsiyal–diagnostika qiliwda ken` qollanilg`an.

1. Uliwma bilim subtesti. Og`ada a'piwayi mag'liwmatlar ha`m bilimlerdi, xabarlardi tekseredi. 3 soraw beriledi ha'r bir duris juwap 1 ball menen bahalanadi. Ma'selen: Ha`ptede neshe ku`n bar? Jildin` to`rt ma`wsimlerin aytin`? Asqazan ne ushin kerek?

2. Uliwma ziyrekler subtesti. Atamalardin' mazmunin toliq tu'siniwin, pikirlew qa'biletin sotsialliq shegaralarin tu'siniwin bahalaydi. Sinaliwshinin` su'wretlengen jag'dayda mu'mkin bolg'an sheshimler haqqinda juwap beriw talap etiledi. 14-sorawg`a juwap beriledi, juwaptin` aniqlig`ina qaray baha qoyiladi: 0,1,2 ma'selen barmag`in`izdi kesip alsan`iz ne qilasiz? (magazinge) Du`kang`a nan aliw ushin kelsen`iz, ol jerde nan joq bolsa, siz ne qilasiz? Ne ushin jina`yatshilardi qamaqqa qamaydi?

3. Arifmetikalik subtest. Sinaliwshi diqqattin` toplaniwin, sanli an`latpalardi tez sheshiwdi tekseredi. Sinaliwshidan arifmetikaliq ma'seleler seriyasin awizeki sheshiw talap etiledi. Juwaptin` aniqlig`ina, ketken waqtina baylanisli ta`rizde baxa qoyiladi. Ma'selen: Sizde 8 top bar edi, jane altawin satip alip berdi, toplar sani neshe boldi?

4. Uqsasliqti tabiw subtesti. Tu`siniklerdin' qa'lipleskenligi, klassifikatsiya salistiriw, abstraktlastiriw qa'biletleri tekseriledi. 16 jup tu`sinikler beriledi. Sinaliwshinin' tu`sinikleri jubi ortasindag'i uliwmaliqti tabiw talap etiledi. Uliwmalastiriw da'rejesine baylanisli ta`rizde 0-2 balg`a shekem baha qoyiladi.

Ma’selen «Ku`shik–pishiq» tu`sinikleri ortasindag`i uliwmaliqti tabiwda juwaplar to’mendegishe bahalaniwi mu’mkin. Tez ju`giredi, shaqqan (0 ball) 4 ayag`i (2 ball) ju`ni qulaqlari bar (1 ball) haywanlar, tiri maqluq su`t emiziwshiler.

5. So`zler subtesti. Awizeki ta’jriybeni u`yreniwge tiykarlang’an (so`zdin` ma’nisin aniqlaw ha`m tu’siniw) 40 so`z mag’anasin tu’sindiriw ushin beriledi. 0-2 balg`a shekem baha qoyiladi.

6. Sanlar qatarin qaytalaw subtesti. Qisqa muddetli este saqlaw ha`m diqqatti u`yreniwge qollanilg`an, 2 bo’limnen ibarat: sanlardan duris ha`m kerisinshe ta`rtipte eslep qaliw ha`m qaytalawdan ibarat. On` ha`m teris qaytalawlardi bahalaw qatardag`i duris eske tusirilgen tsifrlar sanina ten`. Subtesttin` uliwma bahasi on` ha`m teris qaytalawlardin’ uliwma bahasina ten`.

7. Jetispeytug`in bo`lekti tabiw subtesti. Ko`riw jetiskenligi, o`zgeshelikleri baqlawshiliqti, za`ru`r bo`leklerdi ayirip aliw qa’biletin u`yreniwge qolaylang’an. Sinaliwshig`a 20 su’wret ko’rsetiledi. Olardin’ ha`r qaysisinda jetispeytug`in bo`legi yamasa sa’ykes emeslikti tabiw kerek. Duris juwap 1 ball menen bahalanadi. 15 sekundtan kem waqitta.

8. Su’wretler izbe – izligi subtesti. Bo’leklerdi logikaliq bir pu’tin etip birlestirip, jaylasiwin tu’sindiriw, waqiyalardi aldinan biliw qa’biletlerin tekseriwde qolaylang’an. Su’wretlerdin’ 2 seriyasi beriledi. Ha’r bir seriyada su’wretler syujet penen birlestirilgen bolip sinaliwshi syujetke say tarizde olardin’ belgili izbe-izlikte jaylastiriw kerek. Tapsirma waqitqa ha`m duris orinlang’anlig’ina baylanisli tu’rde.

9. Qos kubikler testi. Metod bo’leklerden pu`tindi birlestiriw qa’biletin sensomotr koordinatsiyani tekseriwge qaratilg’an. Sinaliwshi berilgen u`lgige qarap ha’r qiyli ren`li kubiklerden usinday figuralar jasawi kerek. 10 figura beriledi. Ha`r bir tapsirma boyinsha waqit shegaralang’an boladi.

10. Figura jasaw subtesti. Bag’darlaniwina qaray 9 subtestke uqsaydi. Sinaliwshig`a belgili izbe – izlikte 4 figuranin` bo`lekleri beriledi. (Maniken, at, adam basi, mashina) sinaliwshig`a bul bo`leklerden kerek ekenligi aytilmaydi.

Tapsirmani duris orinlaw ushin ketken waqitqa baylanisli jag'dayda da sinaliwshig`a baha qoyiladi.

11. Tsifrlardi tsifrlaw subtesti. Ko`riw ha'reket ta'jriybelikti o`zlestirgenlik da'rejesin aniqlawg`a qolaylang'an. Tapsirma ha'r bir tsifrdin` astindag`i kletkag`a olarg'a say belgini jaziwdan ibarat. Orinlaw waqti 120 sekund. Duris tsifrlang'an tsifrlar sani sinaliwshinin` baxasina ten` boladi. Daslep «A» forma, son «B» forma ko'rsetiledi.

12. Labirintler subtesti. Bag'darina qaray 2-subtestke uqsaydi. 9 labirintti o`z ishine aladi. «Shig`iw» waqti esapqa alinadi.

UISK metodikasindagi qosimsha subtestler («tsifrlardi eslep qaliw» ha`m «labirintler») tapsirmanin` tiykarg'i gruppalari menen birge o`tkeriliwi mu'mkin. bul jag'dayda intellekt koeffitsenti (J.K.)ni aniqlawda olardin' ko'rsetkishlerin esapqa aladi.

Test na'tiyjelerin qayta islewde verval ha`m verval emes subtestlerdin' ha'r birewi boyinsha aling'an ballar qosindisi tabiladi. «aling'an» ballardi shkala ballarina aylandiriw tablitsag`a muwapiq ha'r bir o`z aldina subtestlerdi orinlaw na'tiyjelerinin' standart bahalarin aliw mu'mkin. «Aling'an» ballar Verval emes subtestler.

1. Bilimlik. 1 qosindisi boyinsha (testtin` o`z aldina verval, verval emes bo'limleri boyinsha shkala bahalarin, verval emes ha`m uliwma ko'rsetkishleri alinadi). Veksler testi boyinsha ko'rsetkishler analizinin' jas shegaralarin esapqa alg`an jag'dayda o`tkeriledi.

«U`y haywani» subtesti tsifrlardi shifrlaw subtestlerine uqsaydi. Bul tapsirmani orinlawda balag`a ku`shik, baliq, ha`m pishiq su'wretlengen karta ko'rsetiledi. Kartanin` joqarg`i bo'liminde ha'r qiyli ren`degi tsilindr su'wret klyuchi (haywan u`yi) jaylastiriladi. Bala su'wretlerge sa'ykes haywan u`ylerin qoyip shig'iwi kerek. Bala tapsirmani duris orinlag`anina ha`m ketken waqitqa baylanisli ta`rizde baha qoyiladi.

«Geometriyaliq sxemalar» subtestinde ren`li qabatlar ja'rdeminde 10 a'piwayi su'wretti siziw kerek. «ga`pler» subtestti sanlar qatarin qaytalaw subtestine

uqsaydi. Sinaliwshi eksperimentatordin` izinen aytilg'an ga`plerdi qaytalaw kerek. UISK. UPPSI shkalasi subtestleri birgelikte intellekt funktsiyalari jag'daylari haqqinda bilip aliw imka'nin beredi.

Veksler shkalasi subtestleri ja'rdeminde aniqlaytug`in intellektual funktsiyalari

(Tablitsa 1)

| Subtest | U`yrenilip atirg`an funktsiya | Na'tiyjege ta'sir etetug`in faktor |
|---|---|---|
| Bilimlilik | Yadta materialdi uzaq waqit saqlaw ta'jriybenin` bir boliwi assotsiyatsiyalari | Ma'deniy ortaliq qizig`iwlar |
| Ziyreklik | Abstrakt sani, bilimlerdin' bar boliwi, tu`siniklerdin' qa'lipleskenligi. | Ma'deniyatli qatnas qiliw, real jag'daylarg'a qatnas. Diqqat ko'lemi |
| Arifmetika | Yadta arifmetikaliq a`mellerdi saqlaw | Tiykarg`i arifmetikaliq a`mellerdi iyelew mu'mkinligi |
| Uqsasliqti tabiw, so`z baylig`i | Qatnaslar, o`z ara baylanislar analizi, verval tu`siniklerdin' qa'lipleskenligi | Ma'deniy qatnas qiliw |
| So`z baylig`i | Tildin` rawajlang'anlig`i tu`siniklerdin' qa'liplesiwi | Ma'deniyatqa aralasiw mu'mkinshiligi |
| Sanli qatarlar | Tez qayta eske tu`siriw, esitiw obrazlari | Diqqat ko'lemi |
| Su'wretler izbe – izligi | Qatnasiqlardi ko`riw oylaw | Ma'deniyatqa aralasiw mu'mkinshiligi |

| | | |
|---|---|---|
| Jetispegen bo’limler | Ko`rip oylawin analiz, ko`riw obrazlari | Do’gerek a’tirapti ko`z aldina keltiriw ta’jiriybesi |
| Figuralardi jaziw | Ko`rip oylawin, sintez ko`riw ha’reketi, taliqlaw | Ha’reket aktivligi ha`m aniqlig`i |
| Koss kubiklari | Formasin ko`z aldina keltiriw, ko`rip oylaw, analiz. | Ha’reket aktivligi da’rejesi, ren`i, ko`riw da’rejesi |
| Shifrlaw | Tez oylaw, ko`riw obrazlari | Ha’reket aktivligi |

Sinaliwshi aql rawajlaniw da’rejesin aniqlawda onin’ aqirg`i na’tiyjesi emes al ha’r qaysi o`z aldina aling’an subtestler boyinsha aling’an na’tiyjelerdi de taliqlaw u`lken a’hmiyetke iye boladi. Sonday – aq bir waqitqa uliwma juwmaq du`ziwde, o`z aldina subtestler boyinsha aling’an na’tiyjeler g`ana emes basqa metodikalardan aling’an na’tiyjelerdi de esapqa aliw za`ru`r.

## 2.3. ZIYREK BALALARDI TAN`LAWDA QOLLANILATUG`IN SHINIG`IWLAR KOMPLEKSI

Ziyreklikti aniqlaw predmetine jantasiwdin` eki tiykarg'i joli bar.

Birinshisi, jeke bahalaw sistemasina tiykarlanadi, ekinshisi bolsa kompleksli bahalaw sistemasina tiykarlanadi. Stanford – Bine shkalasi boyinsha 135 ball toplawi kerek bolip, da'stu'riy sistema esaplanadi, ha`m jeke bahalaw sistemasina u`lgili misal bola aladi. Jane bir misal bul – etaplarg`a protsess yag'niy bala da'stu'riy sistemada aldin tayarlang'an etaptan o'tiwi kerek.

Kompleks bahalaw sistemasi.

Keyingi jillarda ko`p jag'daylarda ziyrek bala da'stu'r boyinsha kompleks bahalaw arqali aniqlang`an. Bug`an misal retinde Gauennin «Rezervuar modeli» aytiw mu'mkin. Mugallimnin` ko'plegen tekseriwleri, bahalaw protseduralarin o`tkiziwi ha`m a'lbette topar bolip (g`alaba) aling'an test na'tiyjeleri, topar jetekshisinin` bag'dari menen tiyisli kandidatlar saylap alinadi. Bunda bala berilgen 4 sorawdin` 3 ne bergen juwabi joqari ko'rsetkishti ko'rsetiwi kerek yaki bolmasa Stanford – Bine shkalasi boyinsha qoyilg`an joqari kvalifikatsion yarimindag`i baldi toplawi kerek boladi, bunda tan'lap aliwshi komissiya ag`zalari pikiri de esapqa alinadi. Gauen modeli kishi mektep jasindag`ilar ushin islep shig`ilg`an bolsa da, mektepke shekemgi jas da'wirindegi balalar ushin da qol keledi.

Illinoys shtatindag`i universitetinin` «RAPUNT» proekti – ziyrek balalardi diagnostikalawda kompleks baxalawdin' bir variantinan paydalanadi. Usi «RAPUNT» proektinde bahalardin' ziyreklik da'rejesin sorawlar seriyasinan ibarat sorawlardan paydalanadi.

Sorawnama qag`azi ha'r bir bala ushin individual ra'wishte oqitiwshi yaki ata – anasi ta'repinen toltiriladi.

Bul sorawnama bala ziyrekligi bir neshe tarmaqlarin tekseredi.

Olar: do'retiwshilik bag'dari, ko'rkem Su'wretlew, matematika, oqiw muzika, iskusstva, kirisiwshen`lik ha`m psixomotorika.

Bul sorawnama na’tiyjesinde balanin’ ko’rsetkishi 1 bolsa «RAPUNT» da’stu’rine talabanlar quramina kiritedi.

Solay etip, mektepke shekemgi bolg’an jastag`i ziyrek balalardin’ 2 informatsiya aliw orni bar bolip olar mug`allim ha`m ata – ana bolip esaplanadi. Usi tan’lap aling’an bala o`z ziyreklilik da’rejesi joqari bolg’an tarmag`i boyinsha arnawli toparlar du`zilip, arnawli da’stu’r boyinsha ja`ne qayta tekseriw arqali jumislari shinig`iwlari o`tkeriledi. Egerde balanin’ u`lgeriw ko’rsetkishleri eger yaki eki tarmaq boyinsha jaqin ha`m pa`s ko’rsetkishte bolsa, bul balalar qosimsha tayarlaniwshi toparg`a biriktiriledi. Fizik ta’repten ha`m sensor jetispewshiligi bar balalar bolsa arnawli standartlaw du`zilgen test sinawlarinan o`tedi.

**Balanin’ ziyrekligin qanday aniqlaw kerek?**

Balalardin’ ziyrekligin ha’r tu’rli toparlarda, xalqtin` ha’r tu’rli tabaqasinda aniqlawda bazi bir mashqalalarg’a dus kelemiz.

Balalardin’ aqliy, intellektual ha`m jaratiwshan`liq qa’biletin aniqlaw ushin da’stu’riy testti qollaw ha`m olar na’tiyjesin oqitiwshilar ha`m ata-ana jol-joriqlari ha`m baqlawlari na’tiyjelerin qosip baqlanadi.

A`meliy baqlawlarda soni esapqa aliw kerek, kerekli mug`darda ziyrek balalardi aniqlaw protsessi jeterlishe dawam etiwshi protsess bolip, olardin’ rawajlaniwi dinamikasi menen tuwridan-tuwri baylanisli.

Usi bo’limde biz sizler menen balalardin’ ziyrekliginin` ta’replerin u`yreniwshi standartlastirilgan test, bahalaw shkalasi sistemalastirilg`an baqlaw, kriteriyal – orintirovkalaw test ha`m.t.b. dep ko’rsetip o`temiz.

**Intellektti o`lshewdin` standartlastirilgan metodi.**

Ha`zirgi ku’nde balalalar intellektin o`lshewde usi metodtan ken` paydalanbaqta. Usi test baladag’i verval ha`m noverval bolg’an ziyrekligin aniqlawg`a qaratilg’an. Soni aytip o`tiw kerek, balanin’ kognetiv ha`m so’ylewinin` rawajlaniwin aniqlawshi metodlar ko’plep tilek ha`m qa`lew menen qollaniladi. Bunday protsesste balalardin’ kvalifikatsion balalari arqali o`z ten`lesleri arasinda 70% ziyrek degen mektepke shekemgi da’wir balalari tan’lap alinadi.

**Stanford – Bine boyinsha intellektti aniqlaw shkalasi.**

Stanford – Bine intellektual test bolip kishkene yag’niy 2 jas da’wirden baslap ha`m sol qatarinda u`lkenlergede qollansa boladi. Test tapsirmasinda tiykarinda Verval tarmaqqa itibar beriledi ha`m sonin’ menen birge ko’plegen tapsirmalar kishkene jastag`ilar ushin bolg’anlig`ina aniq ha’reket reaktsiyasi talap etiledi. Bul test aqliy jasti belgilep beredi. Stanford – Bine boyinsha o`lshew sistemasi qarag’anda aniq aqliy ta’repleri orta esapta 124 baldan kem bolmawi kerek ha’mde sonday metodikalar bar. Stanford – Bine sistemasi boyinsha aling’an ko’rsetkishler balalardin’ pikir ju`ritiw xizmeti da’rejesin tekseredi. Bul model strukturasinin` tiykarshisi Gilford esaplanadi. Kishi mektep jasi ha`m mektepke shekemgi bolg’an balalar ushin Veksler boyinsha intellektti o`lshew shkalasi to’mendegi test baladag’i uliwma aqliy xizmetti o’lshep beriwshi individual test bolip esaplanadi. Veksler shkalasi 2 bo’limnen ibarat:

Verval shkala ha`m is–ha’reket shkalasi bul shkalalardin’ ha’r birinde 5 den subtest ja’mlengen. Verval shkalasinin’ subtestleri balanin’ tu’siniwin, qabil etiw protsessin, arifmetikaliq a`mellerdi uqsasliqti tabiwdi ha`m so`z baylig`in rawajlandiriw ha`m da’rejesin tekseriwge qaratilg’an.

Is – ha’reket shkalasi bolsa o’zine kubiklardi konstruktorlaw, labirintler, su’wretti aqirina jetkeriw, kodlastirilg`an oyinlardi ja`mlegen. Slasson boyinsha balalar intellektin o`lshew Slasson testi joqarida aytip o’tkenimizdey balalarg’ada ha`m u`lkenlergede islep shigarilg`an. Bul testtin` basqalardan parqi sonda, sorawlarg’a juwaplar awizeki alinadi, tek g`ana is ha’rekette balani aniqlamaqshi bolsa, onday jag’dayda qa`lese ha`m qag`azdan paydalaniwimiz mu’mkin.

**Aqiliy jetiklikti o`lshewdin` Kolumbik shkalasi.**

Usi shkala balani individual tekseriw ushin mo`ljerlengen bolip, Senso ha`m is – ha’reketke, so’ylewi buzilg`an balalar ushin usinis etiledi. Testtin` sha’rtine ko`re tekseriliwshige 92-su’wret sizilg`an qag`az ko’rsetiledi ha`m bala na`wbettegilerine uqsamag’an su’wretti qoli menen ko’rsetiledi. Usi test arqali balani uliwma analitik ziyrekligi tekseriledi. Ren`lerine, ko’rinislerine, sanin, ajiratip aytip bere aliwi kerek. Mektepke shekemgi jas da’wir balalar ushin

standartlastirilgan testler mektepke tayarlig`in aniqlaw testi. Usi test o'zine birneshe jeti subtestlerdi ja`mlep, olar esitip este saqlaw, esite biliw, mektep tapsirmalarin orinlaw, ha`riplerdi korpirovka qiliwi, taniwi ha`tteki bulardan tisqari o`zi g'a'rezsiz oqiwdi biliwge, u`yreniwge qaratilg'an.

Pertseptiv – ha'reket xizmetinin` rawajlaniwin aniqlawshi standartlastirilg`an test. Bul kibi testler mektepke shekemgi balalardin' is ha'reketinin` ju`da` rawajlang'anliq da'rejesin aniqlawda u`lken rol oynaydi.

Bunda «tek g`ana ha'reketleniw ha`m balanin'» qag`az qa`lem xizmeti g`ana tekseriledi.

**Ko`riw ha'reket koordinatsiyasin aniqlawshi test.**

Bul test «qag`az qa`lem» testinin` klassikaliq ko'rinisindey. Test sha'rtlerine ko`re balag`a qiyinliq da'rejesi o`sip barg'an. 24 geometriyaliq shkaladagi su'wretlerdi sizip beriliwi soraladi.

**Purdve testti**

11 subtestten ibarat bolip, pertseptiv ha'reket qa'biletlerin aniqlaydi. Test na'tiyjesin bahalaw 4 ballik shkala menen a'melge asiriladi. Bul testta berilgen normativke qarap testten o`tip atirg`anlardin' sotsial – ekonomikaliq ta'repleri de sa`wlelenedi.

**Baynlend shkalasi**

Baynlend shkalasi balanin' jeke rawajlang'anliq da'rejesin ha`m sotsial kelip shig'iw da'rejesin u`yrenedi.

Bul shkala balani jaqsi taniytug`in u`lken adam qoli menen toltiriladi, ha`m to'mendegi parametrler boyinsha sinaladi.

Awqatlaniw, tualet, gigena, kiyiniw, sheshiniw, o`zin – o`zi basqariw, o`z jumislarin, so'ylewin o`siwi ha`m qarim – qatnas, sotsialliq.

**Do`retiwshilik qa'biletlerin o`lshew.**

Do`retiwshilik qa'biletlerdi bahalaw ziyreklikti aniqlawda za`ru`rli orinda iyeleydi. A'meliyatta ha`zirgi ku'nde Gilford tekseriwlerine tiykarlang'an do'retiwshilik usinisnama ko`p qollaniladi.

Ha`zirgi waqitlarda do’retiwshilik qa’biletti bahalaw Torrens metodikasi boyinsha o`tkeriledi. Bunda itibar beriw kerek bolg’an narselerge iyiliwshen`lik organikaliq pikirlewdin` aniqlig`i da esaplanadi.

**Verval do’retiwshilik pikirlewdi o`lshew boyinsha**

**Torrens testi**

Bul testtin maqseti baladag’i do’retiwshilik verval pikirlewdi o`lshew ha`m bahalaw. Bug`an 4-5 jastan, baslap keyingi mektep jasi balalalari qaratiladi.

Test arqali: informativlik sorawlar bere aliwin biliw, jag’daydin sebebin aniqlaw, su’wrettegi waqiya – ha`diysenin` a’hmiyetin tu’siniw kibiler aniqlanadi ha`m na’tiyjeler bahalanadi.

# J U W M A Q L A W

Uqipliliqlar – shaxstin' individual o`zgesheligi bolip, og'an bilimler ko'nlikpeler sheberliklerdi o'zlestiriwdi toliqlig'i, tezligi, jen'illigi, teren'ligi ha'mde tu'rli xizmetti o'zlestiriw ha`m oni tabisli orinlawg'a baylanisli.

Uqipliliqlar mashqalasi psixologiya pa`ninde qiziqli ha`m belgili da'rejede izertlengen mashqalalardin' biri. Bul mashqala boyinsha a`yyemgi waqitlardan baslap usi ku`nge shekem alimlar izertlewler alip barg'an. Insannin' imka'niyatlarin u`yreniwge Shig`is oyshillarinan (Farabiy, Beruniy, Abu Ali Ibn Sino), Rossiya psixologlari (B.M.Teplov, V.Ananev, N.V.Kuzmina, S.L.Rubinshteyn, A.Kovalev, V.N.Myasichev), Batis alimlari (A.Bine, T.Simon, F.Galton, V.Shtern, U.Ollport, K.Rodjers) siyaqlilar u`lken u`lesin qosqan. Usi mashqala u'stinde O'zbekistan psixologlari (E.Goziev, R.Gaynutdinov, M.Davletshin, B.R.Kodirov, V.A.Tokareva ha`m basqalar) da izleniwler alip barg'an.

Uqipliliq – insan ruwhiyatinin` o`zgesheligi bolip, ol barliq psixikaliq protsessler ha`m jag'daylardin' jiyindisi sipatinda tu'siniledi.

Ziyreklik – insanda uqipliliqlardin' rawajlaniwinin' ta`biyiy deregi.

Talant – insan uqipliliqlarinin' rawajlaniwinin' joqari basqishi bolip, ol qandayda bir xizmet tu'rinde u`lken jetiskenliklerge erisiwge xizmet etedi.

Geniylik – insandi qandayda bir xizmet tu'rinde ulli shaxs etip ko'rsetedi.

L.S.Vigotskiy ziyreklikti aniqlaytug`in izertlewlerdi ta`krariy o'tkeriw kerekligin aytadi, da'slep erkin, son` u`lkenler ja'rdemi menen o'tkerilgen ta'jriybeler na'tiyjelerin salistiriw tiykarindag'i ayirmashiliq arqali aniqlanadi. Ziyreklik – da'rejesin aniqlawdin' bul usili L.S.Vigotskiy ta'repinen «Bala rawajlaniwinin' jaqin zonasi» dep atalg'an.

Ziyreklerdi u`yreniw psixologiyaliq diagnoz protsessi to'mendegilerge tiykarlanadi:

1. Aqiliy qa'biletti o`lshew (uliwma intellekttin joqarilig`i);

2. Do`retiwshilik qa'biletin o`lshew (do'retiwshiliktin` u`stinlig`i);

3. Pa’nlerdi o’zlestiriw boyinsha erisken jetiskenlikleri (reyting na’tiyjeleri, bahalardin’ joqarilig`i);

4. Aqiliy ha`m do’retiwshilik qa’biletlerinen kelip shig`ip berilgen tapsirmalarg’a jantas

5. Sotsial maslasqanlig`in aniqlaw (qarim – qatnasqa kirisiwshen`ligi);

6. Jeke qa’siyetlerdi aniqlaw (individual psixologiyaliq qa’siyetleri);

7. Oqiwshig’a oqitiwshilardin’, ata – analardin’ ha`m olardin’ bir – birine qa’biletleri, qizig`iwshilig`i boyinsha boyinsha bergen bahalarinin’ mas keliwi.

Joqaridag`ilardin’ ha’r bir boyinsha aqliy rawajlaniwi u`stin ha`m qa’biletli oqiwshi aniqlanadi. Saylap aling’an oqiwshilar haqqindag’i mag’liwmat ta`lim mekemesi boyinsha jiynalip, 7 bag’dardin` ha’r birinde o`z qizig`iwi ha`m bag’darlang’anlig`i menen ajiralip turatug`in aktiv oqiwshilar dizimi ju`zege keledi. Ziyrek dep tabilg`an oqiwshilardi ha’r bir oqiwshig’a qiziqli ha`m aqliy rawajlaniwin ta’minlew maqsetinde ken` imka’niyatlar ha’mde sha’rt – sha’ra’yatlar maqsetke muwapiq.

Biz o`tkergen teoriyaliq ha`m a`meliy izertelewlerden to`mendegi juwmaqqa keldik.

1) Oqiwshinin’ sheberligi, uqiplilig’i ha`m qizig`iw bag’darina qarap, olarg’a ta`lim mekemelerinde kerekli sha’rt-sha’ra’yatlar jaratiw.

2) Ta’lim sistemasinda ziyrek balalardi tan`lawdi duris sho’lkemlestiriw sheshimin tabiw.

3) Ziyrek balanin’ individual, psixologiyaliq ha`m fiziologiyaliq o`zgeshelikleri haqqinda uliwma mag’liwmatqa ha`m ko`z-qarasqa iye boliw, ziyrek balalardi tan`law, olar menen islesiw, qizig`iwshiliqlarin, uqipliliqlarin u`yreniw menen birgelikte olardin’ ziyrekliligin rawajlandiriwg’a qaratilg’an islerdi a’melge asiriw.

4) Ziyrekliktin’ birinshi ko’rinisi balalardin’ jas waqitlarinan – aq belgili boldi. Tabiyattan ziyrek bala basqa ten`leslerine salistirg`anda o`zinin` aqliy rawajlaniwinin’ ozip ketiwi menen ajiralip turadi. Bul balalarg’a so’ylewdin erte payda boliwi ha`m ju`da` ko`p bolg’an leksika baylig`ina iye boliwi, aqliy

xizmetten sharshamaw, yag’niy olardin’ tu’rli aqliy xizmetlerden qizig`iwshiliq penen izleniwleri qabil etiwleri. Olardin’ qizig`iwshiliqlari o’zgerip turiwi mu’mkin, biraq aktivliktin` joqariliq da’rejesi ha’r dayim turaqliliqti joytpaydi. Bularda aqliy izleniwshilik iqtiyarsiz ra’wishte ju`zege keledi.

5) Ziyrek balalar pikirlew protsessi tez boliwi, analizlew ha`m uliwmalastiriw qa’biletinin bar ekenligi menen ajiralip turadi. Olar do’gerek – a’tirapta ju`z berip atirg`an waqiyalarg’a qizig`iwshan` bolip, do’retiwshilik sipatlari ko`rinedi. Ziyrek oqiwshilardin’ este saqlawlari ju`da` jaqsi rawajlang’an bolip, olar uzaq mu`ddetke shekem bolip o’tken waqiya ha`diyselerdi, ko`rgen – bilgen na`rselerin eslep qaliw ha`m kerek waqitta oni ja`ne qayta islewde tiklew imka’niyatlari ken` boladi. Ziyrek balalar u`lkenlerge salistirg`anda unamli ha`m unamsiz ta’sirge qiyinlig`i menen ajiralip turadi.

6) Ziyrek bala bul erte jastan – aq biline baslaytug`in, o`z ten` qurbilarina qarag’anda o`zinin` aqliy, fizikaliq, ruwhiy jaqtan rawajlaniwi menen ozip ketiwi ajiralip turadi. Bul balada tilinin erte rawajlaniwi ha`m ju`da` ko`p bolg’an so`z baylig`ina iye boliwi, do’gerek a’tirapqa qizig`iwshilig`i do’retiwshilik qa’biletinin` rawajlaniw a`zelden ma`lim boladi.

7) Ziyreklikti aniqlawda tiykarg’i u`sh parametrlerge su`yenemiz – bilim da’rejesinin` rawajlaniwindag`i u`stinligi, psixologiyaliq u`stinlik ha`m fiziologiyaliq sipatlar.

# PAYDALANILGAN A'DEBIYATLAR

1. Karimov I.A. Barkamol avlod orzusi. T.: Sharq, 1999.
2. Karimov I.A. Barkamol avlod O'zbekiston taraqqiyotining poydevori. T.: Sharq, 1997.
3. Karimov I.A. Vatanimizning tinchligi va xavsizligi o`z kuch-qudratimizga, xalqimizning xamjihatligiga va bukilmas irodasiga bog`liq. T.:O'zbekiston, 2004.
4. Karimov I.A. O'zbekiston: milliy istiqlol, iqtisod, siyosat, mafkura. T.: O'zbekiston, 2001.
5. Karimov I.A. O`zbekiston buyuk kelajak sari. T.: O`zbekiston, 1998.
6. Karimov I.A. Xavfsizlik va barqaror taraqqiyot yo`lida. T.: O`zbekiston, 1998.
7. Jakbarov M. Komil inson g`oyasi. T.2002.
8. Juraev D. O`g`il va qiz bolalar odobi. Boshlang`ich ta`lim. T. 1992 -3-4, 46-48 b.
9. Ijtimoiy psixologik treninglar praktikum. Farg`ona 2003.
10. Ijtimoiy psixologiyada ijtimoiy amaliyt. T.1999.
11. Kamilova N.G`. Muammoli o`smir: tashhis, tadqiqot metodlari. T.2004.
12. Karimova V.M. Psixologiya.Toshkent: A.Qodiriy nomidagi nashriyot, 2002.205 b.
13. Nishanova Z.T. Oliy maktab psixologiyasi. T. 2003.
14. Nazirova T.S. Pedagogicheskaya texnologiya: novqy etap evolyutsii.// Pedagogika. 1997.№ 3, s.20-27.
15. Nemov R.S. Psixologiya. 3 tom. M.: R
16. Nemov R.S. Prakticheskaya psixologiya: Poznanie sabya. Vliyanie na lyudey: Posobie dlya uchash. – M.: Gumanit. Izd. Tsentr VLADOS,1998-320s.
17. Ochilov M. Yangi pedagogik texnologiyalar. Qarshi.: Nasaf. 2000. 80 b.
18. Psixologicheskie testi. Axmedjanov E.R. Sostavlenie, podgotovka teksta, bibliografiya. M.: 1996 – 320 s.
19. Psixologik treninglar. (Faqat hozir va shu erda).Namangan 2002.

20. Psixologiya. Slovar`/Pod.obsh.red. A.V.Petrovskogo, M.G. Yaroshevskogo. – 2-e izd.ispr.i dop. – M.: Politizdat, 1990 – 494 s.
21. Rogov E.I. Nastol`naya kniga prakticheskogo psixologa. M.: Vlados.1999.
22. Sikevich Z.V. Sotsiologicheskoe issledovanie: prakticheskoe rukovodstvo. – SPb.: Piter, 2005. – 320s.
23. Saydahmedov N. Yangi pedagogik texnologiyalar (nazariya va amaliyot). - T.: Moliya, 2003. 171 b.
24. Stolyarenko L.D. Pedagogicheskaya psixologiya. Rostov N/D.: Feniks, 2000. - 544 s.
25. Ta`limning faol usullari. Uslubiy tavsiyalar. TVPQTMOI. T.2004.
26. To`raqulov E., Rahimov S. "Abu Rayhon Beruniy ruhiyat va ta`lim ta'rbiya haqida" T.: O`qituvchi, 1993.
27. Farobiy A.N. Fozil odamlar shahri.T.: A.Qodiriy, 1993.
28. Fridman L.M., Kulagina I.Yu. Psixologicheskiy spravochnik uchitelya. – M.: Prosveshenie, 1991. – 288 s.
29. Shax B.I. Nekotorie aspekti izucheniya sostoyaniya trevojnosti v svyazi s zadachami profkonsul`tatsii. - "Voprosi psixologii" № 3 1991.
30. G`oziev E.Psixologiya: (Yosh davrlari psixologiyasi): Ped.ins-lari va universitetlarining talabalari uchun o`quv qo`llanma. - T.: O`qituvchi, 1994 224b.
31. www. flogiston.ru
32. www. psixolog.ru
33. www.ziyonet.uz